## ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэнущ

2-нэ нап.

## МыIэрысэхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ щагъэлъагъуэ

4-нэ нап.

## ЩIэблэм щэн яхэзылъхьэ

4-нэ нап.

## Джэгум зезыгъэхъуэжа дакъикынщ

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№121 (24.715) ● 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

*КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэм къызэритамкIэ*

# Псоми ди щапхъэ лъэпкъ пашэ

**«Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир - Лъэпкъ пашэм - и махуэ лъапIэмкIэ си щхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэм я цIэкIэ сохъуэхъу».**

ДИ Президентым и нэIэ щIэтхыу Урысейр дуней псом щынэхъ лъэрызехьэ къэрал хъуащ, къыпэщIэувэ дэтхэнэми пэщIэтыфрэ ефIакIуэ зэпыту. Нобэ ди къэралыр хэтщ дунейпсо социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Урысейр дунейпсо Iуэхуэхэр зезыгъакIуэ къэрал нэхъыщхьэхэм ящыщ зы хъуащ. Нобэ ди къэралыр тхыдэм къыщымыхъуа гугъуехь щыхэтым Путин Владимир жылагъуэр кьыззыщIигъэIуэри, хэкур зыужьыныгъэ гъуэгум тригъуващ. Сыт хуэдиз лъэпощхьэпо хэтми, Урысейм и экономикэм зеужь, псэукIэр щофIакIуэ, хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэр - цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэныр, сабийхэм, унагъуэм, щIалэгъуэлэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм защIэгъэкъуэныр, зэкъуэтыныгъэр хъумэныр япэ ирегъэщ.

Дэ дрогушхуэ ди Президентым, Дзэзешэ Нэхъыщхьэм, абы и хэкупсагъэмрэ и хэкум зэрыкъуэпжьмрэ псоми щапхъэ тетхыпхьэщ. Ди Пашэр ди гъусэмэ, дэ псори тхуэзфIэкIынущ.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу Владимир Владимир и къуэм сохъуэхъу, кьару мыкIуэщI, узыншагъэ быдэ, Урысеймрэ абы ис лъэпкъыбэмрэ папщIэ иригъэкIуэкI Iуэхуэхэм екъулIэныгъэшхуэхэр щIэну», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

# IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр егъэгушхуэ

**КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ республикэм и егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм. Лъжьыгъэ гъуэгуанэм зэрытехьэрэ куэд мыщIами, ахэр хунэсащ я IэщIагъэмкIэ къэрал, щIыналъэ зэпеуэхэм бжьыпэр щаубыдым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэта егъэджакIуэхэм ящыщ куэдым еджэнри лэжьыгъэри зэдаях. Абы-хэм къальытэ лэжьыгъэм нэхъ пасэу хэгъуэзэн хуейуэ, ар сэбэп яхуохъу а унэтIыныгъэм щалэ зэфIэкIхэр нэхъ пасэу ягъэунэхунымкIэ, сабийхэм нэхъ тыншу бгъэдыхьэкIэ къыхуагъэзытынымкIэ. Апхуэдэуи къыкагъэщащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм егъэджэныгъэм и методикэм сыхьат нэхъыбэ зэрыщыхуахапIхэр, егъэджакIуэ нэсхэр гъэхьэзырынымкIэ ар щхьэпэ зэрыхъуныр тегъэщIапIэ ящIу.

КIуэкIуэ Казбек и гугъу ищIащ егъэджэныгъэ Iэхуэщ Iапи Iэхэр, псом хуэмыдэу къуажэхэм дэтхэр, IэщIагъэлIэмкIэ иракъуу кьыззэгъэпэщыныр къалэн нэхъыщхьэу къаззэрыпэщытым. НыбжьыщIэхэм я нэхъыбэм я IэщIагъэр къыхахьнымкIэ я адэ-анэхэр е фIыуэ ялъагъу егъэджакIуэхэр щапхъэ зэрахуэхъуар щажаIэм, щIыналъэм и унафэщIым къыхилъхьащ психолого-педагогикэ классхэр кьызэгъэпэщыпхъэу.

- Нобэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытщ егъэджакIуэ мини 8,3-рэ, гу лъымытэу къанэркъым IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр нэхъыбэ зэрыхъум, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр иужьрей ильэсхэм IэнатIэм пэрыувэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм ахъшэхэр зэрыратырщ, зэфIэкI хъарзынэхэр кьэзыгъэльагъуэ я еджакIуэхэм папщIэ зэрагъэгушхуэрщ, ильэс кьэс я ялахуэм процент 10-кIэ зэрыхагъахъуэрщ. А лэжьыгъэм адэкIи къыпытщэнущ.

ЩIыналъэм и унафэщIыр егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ я IэщIагъэм зэфIэкI лъагэхэр щалэну, къэралыр зэрыгушхуэн щIэблэ узынщэ къэгъэхъун Iуэху мытынышм ехъулIэныгъэ щалэну.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №590-рп

*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м* *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 108-нэ статьям и Iыхьэ 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 31-нэ статьям и яп э Iыхьэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр щызыщхьэщехьыж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу щIэуэ хахам и пащхьэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I**
**МУСУКОВ Алий**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр зэрызыщхьэщихьжам и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 108-нэ статьям и Iыхьэ 4-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр зэрызыщхьэщихьжам къыхэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 111-нэ статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэщ Iэр къызэрагъэпэщыху и лэжьыгъэм пищэну.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м*
*№88-УГ*

# Iэтащхьэм Мусуковыр къегъэлъагъуэ

**КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэIущIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и и 1-нэ Iыхьэм и «у» пунктымрэ 109-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэмрэ ябкъ иткIэ, КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым Iэригъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I къулыкъур Мусуков Алий ТIэхъир и къуэм зэрыхуигъэфащэм теухуа тхыгъэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм КЪБР-м и Парламентым хуигъэлъэгъуа къулыкъум теухуа унафэр тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ къищтэн хуейщ. Абы къыхэкIыу, КЪБР-м и Парламентым жэпуэгъуэм и 10-м зимычэзу зэIущIэ зэхашэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I Мусуков Алий ТIэхъир и къуэр гъэувыным теухуауэ КЪБР-м и Iэтащхьэм арэзыныгъэ етыным и Iэхуэ-кIэ».

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зэIущIэр къэмыс щIыкIэ КЪБР-м и Парламентым хэт фракцэхэм я зэхуэс зэрекIуэкIыну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I къулыкъур зыхуигъэфэщар хэту.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.***

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м сыхьэт 11-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи мычэзу зэIущIэ.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.***

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм я Iэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ Iапи Iэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.

**Ди индексыр П5894**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтым и полномочиехэр зэрыратым и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советыр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 1, 4-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и 81-нэ статьям и «о» пунктым ябкъ иткIэ **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и полномочиехэр етын Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м*
*№89-УГ*

# Ди къуэш республикэхэм

## Абхъазыр къыхах

СЫХЪУМ. **2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Урысей Федерацэм и цIыхуу Абхъазым щыIам и бжьыгъэ мелуани 2,163-рэ мэхъу. Апхуэдэ хъыбархэр иджыблагъэ зэбгриГъэхащ УФ-м и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ къулыкъум.**

КЪУЭКIЭДГЪЭЩIЫЩI, а пIалъэм кьриубыдэу Тыркум зыщыкIыгъэпсэхуну кIуахэм нэхърэ ар куэдкIэ нэхъ мащIэкъым - цIыху мелуан 2,522-рэщ зэрыхъур иужьрейм щыхэщIахэр. Ауэ Къэзахъстаным нэхърэ Абхъазыр нэхъ къыхэзыхэр фIыуэ нэхъыбэщ - абы щыIар зэрыхъур мелуан 1,235-рэщ.

Ди къэралым и цIыхухэр нэхъыбэу здэкIуэ, ялэ ит къэралипщым Китайр къахощ. А лъэныкъуэмкIэ зыунэтIхэм я бжыгъэм проценти 184,5-кIэ хэхъуащ икIи ар цIыху мин 793-рэ хъуащ. Куржым зыщыкIыгъэпсэхуну, зыщыкIыпIъыхьыну ежьэхэми къахэхъуэ зэпытщ - цIыху мин 522-рэ е процент 31,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Къапщытэ пIалъэм кьриубыдэу Таиландым щыIащ къэралым и цIыху мин 712,4-рэ е процент 30,1-кIэ ари нэхъыбэ хъуащ.

## ЩIалэхэр нэхъыбэщ

МЕЙКЪУАПЭ. **ФокIадэм Адыгейм и къалащхьэм къыщалъхуащ сабий 259-рэ: 140-р щIалэ цIыкIуу, 119-р хъыджэбз цIыкIуу. Абыхэм зэтIолъхуэныкъуэу 5 къахэкIащ.**

АДЫГЕЙМ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, сабий нэхъ пIащэ дыдэм килограмм 4 890-рэ и хьэльагъщ, сантиметр 56-рэ и лъагагъщ.

Сабийхэм я анэхэм я нахъыбэм я ныбжьыр илъэс 27 - 35-хэм итщ, ауэ илъэс 42 - 43-рэ хъухэри яхэтщ.

## ШэхэкIхэм я фIагъыр

ЧЕРКЕСК. **«Россельхознадзор»-м и щIыналъэ управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, абы и IэщIагъэлIхэм къапщытащ 2024 гъэм и ещанэ мазищым Къэрэшей-Шэрджэсым хамэ къэралхэм яхурагъашэ шэхэкIхэм ящыщ партиеу 147-рэ, ахэр щыIэ мардэхэм зэрыхуэкIуэр зэхагъэкIыну.**

КЪАПЩЫТЭ пIалъэм кьриубыдэу республикэм и шэхэкI продукцэу тонн 736-рэ хуаутIыпщащ Абхъазым, Азербайджаным, Къэзахъстаным.

«ШэхэкI партие къэс я гъусащ ящIыгъун хуей, я фIагъыр зыхуэдэмрэ цIыхум и узыншагъэм ехьэлIауэ щынагъуэ къаззэрыбгъэдэмыкIымрэ щыхьэт техуэу дэфтэрэр, тамножнэ зэгухьэныгъэми, ветеринар-санитар мардэхэми ахэр кьотIасэ», - щыжаIащ управленэм.

Къыхэдгъэщынщи, 2024 гъэм и мазибгъум кьриубыдэу Къэрэшей-Шэрджэсым и шэхэкI продукцэу тонн 1622-рэ хамэ къэралхэм хурагъэшащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр егъэгушхуэ



**КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ республикэм и егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм. Лъжьыгъэ гъуэгуанэм зэрытехьэрэ куэд мыщIами, ахэр хунэсащ я IэщIагъэмкIэ къэрал, щIыналъэ зэпеуэхэм бжьыпэр щаубыдым.**

ЗЭIУЩIЭМ хэта егъэджакIуэхэм ящыщ куэдым еджэнри лэжьыгъэри зэдаях. Абы-хэм къальытэ лэжьыгъэм нэхъ пасэу хэгъуэзэн хуейуэ, ар сэбэп яхуохъу а унэтIыныгъэм щалэ зэфIэкIхэр нэхъ пасэу ягъэунэхунымкIэ, сабийхэм нэхъ тыншу бгъэдыхьэкIэ къыхуагъэзытынымкIэ. Апхуэдэуи къыкагъэщащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм егъэджэныгъэм и методикэм сыхьат нэхъыбэ зэрыщыхуахапIхэр, егъэджакIуэ нэсхэр гъэхьэзырынымкIэ ар щхьэпэ зэрыхъуныр тегъэщIапIэ ящIу.

КIуэкIуэ Казбек и гугъу ищIащ егъэджэныгъэ Iэхуэщ Iапи Iэхэр, псом хуэмыдэу къуажэхэм дэтхэр, IэщIагъэлIэмкIэ иракъуу кьызэгъэпэщыныр къалэн нэхъыщхьэу къаззэрыпэщытым. НыбжьыщIэхэм я нэхъыбэм я IэщIагъэр къыхахьнымкIэ я адэ-анэхэр е фIыуэ ялъагъу егъэджакIуэхэр щапхъэ зэрахуэхъуар щажаIэм, щIыналъэм и унафэщIым къыхилъхьащ психолого-педагогикэ классхэр кьызэгъэпэщыпхъэу.

- Нобэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытщ егъэджакIуэ мини 8,3-рэ, гу лъымытэу къанэркъым IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр нэхъыбэ зэрыхъум, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр иужьрей ильэсхэм IэнатIэм пэрыувэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм ахъшэхэр зэрыратырщ, зэфIэкI хъарзынэхэр кьэзыгъэльагъуэ я еджакIуэхэм папщIэ зэрагъэгушхуэрщ, ильэс кьэс я ялахуэм процент 10-кIэ зэрыхагъахъуэрщ. А лэжьыгъэм адэкIи къыпытщэнущ.

ЩIыналъэм и унафэщIыр егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм ехьэхъуащ я IэщIагъэм зэфIэкI лъагэхэр щалэну, къэралыр зэрыгушхуэн щIэблэ узынщэ къэгъэхъун Iуэху мытынышм ехьулIэныгъэ щалэну.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №590-рп

*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м* *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 108-нэ статьям и Iыхьэ 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 31-нэ статьям и яп э Iыхьэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр щызыщхьэщехьыж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу щIэуэ хахам и пащхьэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I**
**МУСУКОВ Алий**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр зэрызыщхьэщихьжам и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 108-нэ статьям и Iыхьэ 4-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и полномочиехэр зэрызыщхьэщихьжам къыхэкIыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 111-нэ статьям и Iыхьэ 5-м ипкъ иткIэ **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэщ Iэр къызэрагъэпэщыху и лэжьыгъэм пищэну.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м*
*№88-УГ*

# Iэтащхьэм Мусуковыр къегъэлъагъуэ

**КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэIущIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и и 1-нэ Iыхьэм и «у» пунктымрэ 109-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэмрэ ябкъ иткIэ, КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым Iэригъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I къулыкъур Мусуков Алий ТIэхъир и къуэм зэрыхуигъэфащэм теухуа тхыгъэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэм КЪБР-м и Парламентым хуигъэлъэгъуа къулыкъум теухуа унафэр тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ къищтэн хуейщ. Абы къыхэкIыу, КЪБР-м и Парламентым жэпуэгъуэм и 10-м зимычэзу зэIущIэ зэхашэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I Мусуков Алий ТIэхъир и къуэр гъэувыным теухуауэ КЪБР-м и Iэтащхьэм арэзыныгъэ етыным и Iэхуэ-кIэ».

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и зэIущIэр къэмыс щIыкIэ КЪБР-м и Парламентым хэт фракцэхэм я зэхуэс зэрекIуэкIыну, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ I къулыкъур зыхуигъэфэщар хэту.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.***



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м сыхьэт 11-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи мычэзу зэIущIэ.

***КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.***

# «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм я Iэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ Iапи Iэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.

**Ди индексыр П5894**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэтым и полномочиехэр зэрыратым и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советыр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 1, 4-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и 81-нэ статьям и «о» пунктым ябкъ иткIэ **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органым и лыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и полномочиехэр етын Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм.

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м*
*№89-УГ*

# Ди къуэш республикэхэм

## Абхъазыр къыхах

СЫХЪУМ. **2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Урысей Федерацэм и цIыхуу Абхъазым щыIам и бжьыгъэ мелуани 2,163-рэ мэхъу. Апхуэдэ хъыбархэр иджыблагъэ зэбгриГъэхащ УФ-м и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ къулыкъум.**

КЪУЭКIЭДГЪЭЩIЫЩI, а пIалъэм кьриубыдэу Тыркум зыщыкIыгъэпсэхуну кIуахэм нэхърэ ар куэдкIэ нэхъ мащIэкъым - цIыху мелуан 2,522-рэщ зэрыхъур иужьрейм щыхэщIахэр. Ауэ Къэзахъстаным нэхърэ Абхъазыр нэхъ къыхэзыхэр фIыуэ нэхъыбэщ - абы щыIар зэрыхъур мелуан 1,235-рэщ.

Ди къэралым и цIыхухэр нэхъыбэу здэкIуэ, ялэ ит къэралипщым Китайр къахощ. А лъэныкъуэмкIэ зыунэтIхэм я бжыгъэм проценти 184,5-кIэ хэхъуащ икIи ар цIыху мин 793-рэ хъуащ. Куржым зыщыкIыгъэпсэхуну, зыщыкIыпIъыхьыну ежьэхэми къахэхъуэ зэпытщ - цIыху мин 522-рэ е процент 31,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Къапщытэ пIалъэм кьриубыдэу Таиландым щыIащ къэралым и цIыху мин 712,4-рэ е процент 30,1-кIэ ари нэхъыбэ хъуащ.



## ЩIалэхэр нэхъыбэщ

МЕЙКЪУАПЭ. **ФокIадэм Адыгейм и къалащхьэм къыщалъхуащ сабий 259-рэ: 140-р щIалэ цIыкIуу, 119-р хъыджэбз цIыкIуу. Абыхэм зэтIолъхуэныкъуэу 5 къахэкIащ.**

АДЫГЕЙМ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, сабий нэхъ пIащэ дыдэм килограмм 4 890-рэ и хьэльагъщ, сантиметр 56-рэ и лъагагъщ.

Сабийхэм я анэхэм я нахъыбэм я ныбжьыр илъэс 27 - 35-хэм итщ, ауэ илъэс 42 - 43-рэ хъухэри яхэтщ.



## ШэхэкIхэм я фIагъыр

ЧЕРКЕСК. **«Россельхознадзор»-м и щIыналъэ управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, абы и IэщIагъэлIхэм къапщытащ 2024 гъэм и ещанэ мазищым Къэрэшей-Шэрджэсым хамэ къэралхэм яхурагъашэ шэхэкIхэм ящыщ партиеу 147-рэ, ахэр щыIэ мардэхэм зэрыхуэкIуэр зэхагъэкIыну.**

КЪАПЩЫТЭ пIалъэм кьриубыдэу республикэм и шэхэкI продукцэу тонн 736-рэ хуаутIыпщащ Абхъазым, Азербайджаным, Къэзахъстаным.

«ШэхэкI партие къэс я гъусащ ящIыгъун хуей, я фIагъыр зыхуэдэмрэ цIыхум и узыншагъэм ехьэлIауэ щынагъуэ къаззэрыбгъэдэмыкIымрэ щыхьэт техуэу дэфтэрэр, тамножнэ зэгухьэныгъэми, ветеринар-санитар мардэхэми ахэр кьотIасэ», - щыжаIащ управленэм.

Къыхэдгъэщынщи, 2024 гъэм и мазибгъум кьриубыдэу Къэрэшей-Шэрджэсым и шэхэкI продукцэу тонн 1622-рэ хамэ къэралхэм хурагъэшащ.



**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэнущ

**КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ республикэм и хабзэубзыху lуэхущlапlэм и Президиумым и зэlущlэ иригъэкlуэкlащ. Абы lуэхугъуэ 50-м щlигъум щыхэплъащ.**

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ «ЩIыуэпс, техногеннэ къэхъукъащIэхэм цIыхубэмрэ жылагъуэхэмрэ щыхъумэным теухуауэ», «КъБР-м мафIэс шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным ехьэлIауэ» республикэ законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектхэм.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** зэрыжиIамкIэ, дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ къэхъукъащIэ шынагъуэхэр къэмыгъэхъунымрэ апхуэдэхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжынымрэ, апхуэдэуи щIыуэпс мафIэсхэр зэрагъэунКIыфI Iэмалхэм яхуэгъэзауэ республикэм и Правительствэм и пщэрылъхэм зэрызрагъэубгъум.

Депутатхэр хэплъащ «IуэхущIапIэхэм я мылъкум техьэ налогым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законым и проектым. КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** жиIащ федеральнэ хабзэм къыщыгъэлъэгъуам тету дэфтэрыр зэрызэрагъэзэхуэжыр.

Законопроектхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зыхуэгъэза IуэхущIапIэхэм хуагъэхьащ, я Iуэху еплъыкIэ е дыщIагъун яIэмэ къыхалъхьэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и Парламентым и комитетхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Парламентым и унафэм и проектым. Абы теухуауэ къагъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэм зыщагъэгъуэза нэужь, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и зэIущIэм къыщыхалъхьэнущ.

КъБР-м и Парламентым Хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроект №641658-8-м, «УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэм ехьэлIауэ» Федеральнэ законым къыхуеджэныгъэ тхыгъэхэм цIыхум и сурэтыр къызэрыщагъэсэбэпым и Iуэхум теухуа и Iыхьэм, «УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» №667159-8-м, «УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ Законым и Iыхьэ 78-мрэ 79-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» №681977-8-м, УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ Законым и Iыхьэ 62-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» №686425-8-м, «Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэр къызэрызэрагъэпэщым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 6-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» №686462-8-м, «УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» №712482-8-м. Апхуэдэуи депутатхэр хэплъащ «УФ-м административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ и Кодексым и Iыхьэ 87-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ закон №670352-8-м и проектым къызэрыпэджэжам.

Федеральнэ проектхэм ящыщу депутатхэм зи гугъу ящIа Iуэхугъуэхэр теухуат УФ-м юридическэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэу зэрыщагъуэт щIыкIэм, зыгъэпсэхупIэхэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ гъэунэхуныгъэ егъэкIуэкIыным, УФ-м сату Iуэхур зэрыщызэтеублам, псэущхьэхэм зэрахущытыпхъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, щIым псыщIэгъэлъадэм и Iуэхур здынэсам, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщIхэми. КъищынэмыщIауэ, тепсэлъыхьащ УФ-м Административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ, ЩIы, Налог, ПсэупIэ, Къалэухуэ, Унагъуэ кодексхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа федеральнэ законхэм я проектхэм.

ЗэIущIэм унафэ къыщащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъкIэ республикэм и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщхэр ягъэлъэпIэну.

Кривко Михаил депутатхэр щигъэгъуэзащ КъБР-м и Парламентым ЦIыхубэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым зэхигъэува «УФ-м административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ и Кодексым и Iыхьэ 12.3-мрэ 12.37-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр УФ-м и Правительствэм къызэрыдаIыгъар икIи КъБР-м и Парламентым а жэрдэмыр УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм зэрыригъэхьар.

- Ар хъыбар гуапэщ, ебланэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм и щIэдзапIэфIу къэплъытэ хъунущ, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Бийм и зауэлI гъэрхэр

## (Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр)

**Хэку зауэшхуэм хэтахэм къаIуэтэжами тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыкъыщеджами, дэ дыщыгъуазэщ нэмыцэдзэм гъэру иубыдауэ щыта ди зауэлIхэм я Iуэху къызэрекIуэкIам. Ауэ мащIэ дыдэщ хэтщIыкIыр бийм и зауэлIу Совет Армэм къиубыдауэ щытахэм я бжыгъэр зыхуэдам, ахэр зэраIыгъа, зэрагъэшха щIыкIэм.**

СОВЕТ-герман фронтым щекIуэкIа зэхэуэшхуэхэм ехьэлIа тхыгъэхэм укъеджа, архивым щIэлъ дэфтэрхэм щыгъуазэ зыпщIа нэужь, гу лъыботэ 1941 - 1945 гъэхэм фашист Германиемрэ абы и дэрэгъуу щыта къэралхэмрэ я зауэлIу ди дзэм гъэру къиубыдахэм я бжыгъэр зэхуэмыдэу зэраIуатэм.

Зауэм щыщIидзагъащIэм а бжыгъэр куэд хъууэ щытакъым. КъатщтэмэЭ, 1941 гъэм шыщхьэуIум и 10-м ирихьэлIэу ди къэралым зауэлI гъэрхэр щаIыгъ и лагерхэм исар цIыху 1990 къудейт, абы щыщу румынхэр зэрыхъур 1016-рэт, нэмыцэхэр - 974-рэт.

Зэманыр кIуэтэху зи гур нэхъ къызэрыгъуэтыжа, зауэ хуэIухуэщIэхэм нэхъ IэкIуэлъакIуэ хуэхъуа советыдзэхэм гъэру къаубыдхэм я бжыгъэри зэпымыууэ хэхъуащ. 1942 гъэм и щэкIуэгъуэ - дыгъэгъазэ мазитI къудейм къриубыдэу абыхэм гъэр къащIащ мин 70-м нызэрыхьэс, 1943 гъэм и щIышылэ - мазае мазитIым - мини 150-м щIигъу.

Сталинград и деж бийр щызэтракъутэу, цIыху мин 90 гъэру къаубыда нэужь, гугъу хъуащ ахэр хъумэным ехьэлIа Iуэхухэр. Гъэрхэм я Iыхьэ щанэр ныкъуэдыкъуэ, лъэрымыхь дыдэт, зэман кIыхькIэ щIыIэм игъэдыкъауэ, мэжэщIалIауэ зэрыщытам къыхэкIыу. Абыхэм ящыщу цIыху мин 35, 990-р сымаджэщхэм щIагъэгъуэлъхьэн хуей хъуат.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м щыщIэдзауэ 1945 гъэм щIышылэм и 20 пщIондэ гъэру къаубыдам я бжыгъэр цIыху мелуанрэ мини 10-м нэсауэ щытащ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм (сымаджагъэм, уIэгъэ хьэлъэ зэрателъам, жыгъэм, зэрызаукIыжым, лэжьапIэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм, зауэм хьэкIэкхъуэкIагъэу щызэрахьам, щIэпхъуэжыну зэрыхэтам папщIэ, суд унафэкIэ, зэраукIам) къыхэкIыу, гъэрхэм ящыщу цIыху мин 580,548-р кIуэдащ. Абыхэм ящыщу генералхэр - 138-рэ, офицерхэр - мини 8,715-рэ, унтер-офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ - мин 571,695-рэ хъуат.

ЖыIэн хуейщ зауэм и япэ илъэсым гъэр куэд Iыгъыным ди къэралыр хуэхьэзыру зэрыщымытар. 1941 гъэм СССР-м и НКВД-м къызэригъэпэща гъэр IыхыпIэхэр (АПП) Iуэхум пэлъэщыртэкъым. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу СССР-м и НКВД-м 1942 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, АПП-хэм IыхыпIэ-гуэшыпIэ лагери 6 къыхагъэхъуауэ щытащ. (*Гу зылъытапхъэ:* фронтым Iут совет зауэлIхэм гъэру къаубыдахэр НКВД-м кърату щытащ, лагерхэм трагуэшэн, яIыгъын, ядэлэжьэн папщIэ).

1942 гъэм и кIэм ирихьэлIэу АПП-хэм я бжыгъэр 44-рэ, IыхыпIэ-гуэшыпIэ лагерхэр - 15 хъуащ.

Гъэру къаубыдхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIыу, 1943 гъэм и щIышылэ - мазаем СССР-м и НКВД–м и унафэкIэ фронтым и щIыбыр зыхъумэ НКВД-м и дзэхэм я деж къыщызэрагъэпэщауэ щытащ гуп щхьэхуэхэр. Абыхэм я пщэм къыдэхуэрт къаубыдахэр фронтым Iут зауэлIхэм къеIыхыныр, ахэр хъумэныр, гъэIэпхъуэныр.

1944 гъэм и кIэм ирихьэлIэу гъэрхэр къыщыIах IуэхущIапIэхэм я бжыгъэм икъукIэ хэхъуащ. Фронт къудамэхэр хъурт 12, фронт лагерхэри апхуэдиз дыдэ, СП-хэр - 49-рэ, АПП-хэр - 72-рэ.

«ЗауэлI гъэрхэм ятеухуауэ» фIэщыгъэм щIэту, СССР-м и Совнаркомым къищта унафэм ипкъ иткIэ, гъэрхэм ящыщу сымаджэхэмрэ уIэгъэ зытелъхэмрэ НКВД-м и лагерхэм ирагъашэртэкъым, атIэ СССР-м ЗыхъумэжынымкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ я наркоматхэм егъэщIылIа сымаджэщ щхьэхуэхэм иратырт. Ауэ апхуэдэ гъэрхэр хъумэныр зи пщэм дэлъыр гъэрхэмрэ ягъэтIысахэмрэ я IуэхукIэ СССР-м и НКВД-м и Управленэр арат.

1943 гъэм щыщIэдзауэ гъэрхэр ерыскъыкIэ къызэрызэрагъэпэщри ефIэкIуащ. «НКВД-м и лагерхэм щаIыгъ зауэлI гъэрхэмрэ спецконтингентымрэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуным теухуауэ» жиIэу, СССР-м и НКВД-м 1943 гъэм гъатхэпэм и 16-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, гъэрхэм ират ерыскъыпхъэхэр лIэужьыгъуэ 20-м нэблэгъат. Абы хыхьэрт щIакхъуэ, лыхэкI шхыныгъуэхэр, бдзэжьей, тхъуцIынэ, фошыгъу, нэгъуэщIхэри. Куэдагъ елъытакIэ гъэрхэм ират шхыныгъуэхэр зэхуэдэтэкъым. Къапщтэмэ, гауптвахтэм щаIыгъ гъэрхэм махуэм хуэзэу щIакхъуэу иратыр грамм 300-т, зрагъэувэлIа лэжьыгъэр процент 50-кIэ фIэкIа зымыгъэзэщIам грамм 400-т, процент 50 - 80-кIэ зыгъэзэщIам грамм 500-т, процент 80 - 100-кIэ зыгъэзэщIам грамм 600-т.

Езыр-езыру гъэру зыкъэзыта цIыхум граммы 100-кIэ нэхъыбэ щIакхъуэ ирату щытащ. ЖыпIэнуракъэ, ямыгъэтхъами, бийм и зауэлI гъэрхэр ягъэмэжэлIакъым.

Фронтхэм я унафэщIхэмрэ дзэ советхэмрэ мыхьэнэшхуэ ирату щытащ зауэлI гъэрхэм ущииныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр ядегъэкIуэкIынми. Фронтхэм щыщыIэ щытыкIэм, дуней псом къыщыхъу-къыщыщIэхэм гъэрхэр щыгъуазэ ящIырт. Къыщезэгъ зэманхэм деж абыхэм совет фильмхэр ирагъэлъагъурт, библиотекэхэр къыхузэIуахырт, я диныр яIыгъыжынымкIэ зыри япэрыуэртэкъым.

Куэдрэ къэхъуащ лагерхэм ямыгъакIуэу, совет командованэм гъэрхэр иутIыпщыжу. Къапщтэмэ, 1945 гъэм и пэщIэдзэхэм фронтхэм я командованэхэм яутIыпщыжыпауэ щытащ румын, чех, словак, словен гъэрхэу мин 200-м щIигъу. Нэхъ иужьыIуэкIэ, Манчжурием щекIуэкIа ебгъэрыкIуэныгъэм гъэру къыщаубыда япон зауэлIу мин 64, 888-р яутIыпщыжыгъащ, лагерхэм ямышэу. Псори зэхэту, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм совет командованэм иутIыпщыжащ гъэр мин 680-рэ, лъэпкъ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщу.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм къриубыдэу ди къэралым гъэру къиубыдауэ щыта зауэлI мелуани 4-рэ мини 126, 964-м щыщу, нэмыцэхэр хъурт мелуани 2-рэ мин 389, 560, мэжэрхэр - мин 513,767-рэ, румынхэр - мини 187,370-рэ, австрийцхэр - мини 156, 682-рэ, адрейхэр нэгъуэщI лъэпкъхэм, къэралхэм ящыщт.

ПцIы хэлъкъым бийм и зауэлI гъэрхэм, НКВД-М (МВД-м) и лагерхэм щаIыгъахэм, унэм ягъэзэжа нэужь (1956 гъэм ахэр хуит ящIыжауэ щытащ), ди къэралым щытхъупсыр къызэрамыгъэжэхам. Ауэ дызымыубахэри гъунэжщ. Апхуэдащ Сталиниград деж гъэру щаубыда фельдмаршал Паулюс Фридрихрэ илъэс 25-рэ тралъхьэу ягъэтIыса, ауэ и пIалъэр имыух щIыкIэ яутIыпщыжа япон генерал Ямадэ Отодрэ. Иужьрейм фадэбжьэ къиIэтат Совет Союзым хъуэхъу хужиIэу икIи псалъэ итат совет-япон зэныбжьэгъугъэр быдэ хъун папщIэ хузэфIэкI псори илэжьыну.

*ЛIыгъур Чэрим и тхыгъэм къыхихыжу тедзэным хуэзыгъэхьэзырар*
**КЪАНКЪУЛ Зазийщ**.

# Яубзыхуа пIалъэхэм тету

**«Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хыхьэ, «ЦIыхухэм япэу зызыхуагъазэ медицинэ IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэн» щIыналъэ программэм тету Кэнжэ къуажэм щаухуэ амбулаторэщIэр социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм хохьэ. Сыту жыпIэмэ, къуажэдэсхэм абы щагъуэтыну медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым куэдкIэ елъытащ абыхэм я узыншагъэр зыхуэдэнур.**

УХУЭНЫГЪЭ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI 1950 гъэм щегъэжьауэ къуажэм щылажьэ амбулаторэжьыр здэщытам деж. Ар жьы зэрыхъуам къыхэкIыу, цIыхухэм абы щыхуащIэу щыта медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр иджырей мардэм къитIэсэжыртэкъым.

Иджы яухуэ амбулаторэщIэм я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыфынущ абы къепхауэ жылэм дэс цIыху мини 9-м щIигъум икIи зы лэжьэгъуэ махуэм къриубыдэу цIыху 90-м хуэдизым щеIэзэн яхузэфIэкIынущ. Абы нэмыщI, махуэкIэ цIыхухэм я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъу, хущхъуэхэр ирахьэлIэу щIэлъынухэм папщIэ гъуэлъыпIэ щхьэхуэхэр щIагъэувэнущ.

Амбулаторэр иджырей мардэм къитIасэу яухуэ икIи зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщауэ щытынущ. Псалъэм папщIэ, цIыхухэм я чэзур къыщысынум щыпэплъэну щIыпIэ щхьэхуэхэр къыхузэрагъэпэщынущ, дохутырым деж нэхъ тыншу зрагъэтхыфын папщIэ, абы хуэщIа Iэмэпсымэхэр ягъэувынущ.

Лэжьыгъэхэр яубзыхуа пIалъэхэм тету ирагъэкIуэкI. УхуакIуэхэм амбулаторэщIэм и IуплъапIэр кърашIэкI, щхьэгъубжэхэр хагъэуващ, инженер коммуникацэхэр ирашэлIащ, лъэгухэр захуэ ящIащ. Абыхэм къадэкIуэу пэш кIуэцIхэм я блынджабэхэр кърaикI, куутIхэр ягъэув, щIыхьэпIэм йолэжь, псы пыжыпIэхэр храгъэубыдэ.

Дызэрыт илъэсым и кIэм ирихьэлIэу лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну я мурадщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.

# ЖыгыщIэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым губгъуэ лэжьыгъэхэр щыувыIэркъым. Мы махуэхэм пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщIэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ жыджэру хасэ. ИджыпстукIэ ахэр щыхагъэзэгъащ гектар 300-м нэблагъэм.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэрыщIидзэрэ пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщIэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ ирагъэубыдащ гектар 650-рэ, гъатхэм ахэр зыхаса гектар 350-р хэту. ЖыгыщIэхэр псори Iуву зэкIэщIэсауэ къагъэхъухэм хуэдэщ. Мы илъэсым иджыри гектар 700-м нэблагъэм ахэр щыхащIэну мурад щыIэщ.

КъыхэдгъэщынщИ, Iуву зэкIэщIэса, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэ къэзыт жыгхэр хэсэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щыпэрыт щIыналъищым яхэтщ.

Республикэм и жыг хадэгъэкIхэм нэхъыбэу къагъэсэбэпыр ткIуэпс-ткIуэпсурэ псыр зэрыщIагъэлъадэ системэхэрщ. НобэкIэ апхуэдэ Iэмалым гектар мин 17-м щIигъу къызэщIрагъэубыдащ.

**БЭБЭЧ Бэчыр**.



# Дунейм ехыжащ академик Щомахуэ Лев

**И ныбжьыр илъэс 86-м иту дунейм ехыжащ адыгэ щIэныгъэлI, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик Щомахуэ Лев Аслъэнджэрий и къуэр.**



АР ЩIДАА-м къигъэув къалэнхэр жыджэру игъэзащIэу, энергетикэмкIэ, машиностроением, механикэмрэ управленэмкIэ академием и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ.

Лев и щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ щигъэзащIэрт Бгылъэ жыгхадэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэкъэпщытакIуэ институтым. Щомахуэр а IуэхущIапIэм и унафэщIу лэжьащ илъэси 10-м щIигъукIэ. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр хуэунэтIащ бгылъэ щIыпIэхэм Iэрысэ лIэужьыгъуэхэр щыгъэкIыным, а унэтIыныгъэр егъэфIэкIуэным, джабэ нэпкъхэм жыг-хадэ тещIыхьыным, абы щылэжьэну машинэ хьэлъэхэр зэпкърылъхьэным. ИкIи абыхэм ятеухуа лэжьыгъэ 22-рэ пхигъэкIащ, 8-мкIэ патент кърыатащ Щомахуэм.

КъищынэмыщIауэ, Лев и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ 300 щIэныгъэ журнал зэхуэмыдэхэм къытехуащ, тхылъи 10 къыдигъэкIащ. Щомахуэм щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зригъэгъуэта ехъулIэныгъэхэм папщIэ къэрал, ведомственнэ саугъэт зэхуэмыдэхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

ЩIДАА-м и Президиумыр хуогузавэ Щомахуэ Лев и унагъуэм, и Iыхьлыхэмрэ къыдэлэжьахэмрэ. И хьэдрыхэ нэху Тхьэм ищI!

# Бэкъанрэ Ныбэджейрэ - Натхъуэдж хэгъэгут

**«АтIэкIум» цIэр зэрехьэ хы ФIыцIэм пэгъунэгъу мэзылъэ бгыщхьэхэм къыщежьэ Бэкъан (цIыхухъуцIэщ), Ныбэджей (кIахэ адыгэхэм я бзэкIэ «бгъэжь лъыиф, хьэщхьэрыIуэ» жыхуиIэщ) псы цIыкIуитIыр щызэхэлъэдэжым деж къыщыщIидзэ тIуащIэм. Адагум (АтIэкIум) цIэр кIэрыпщIащ абдежым пэмыжыжьэу щыс жылэми. Псым километр 66-рэ и кIыхьагъщ.**

АДЫГЭ Республикэм щыпсэуа, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Мерэтыкъуэ Къасым щIыпIэцIэхэм ятриухуа «Адыгейский топонимический словарь» и тхылъ купщIафIэм щыхьэт зэрыщытехъуэмкIэ, шапсыгъ адыгэхэм Iущхьэ къэкIыгъэм щхьэкIэ «атIэкIум» псалъэр къагъэсэбэпу щытащ. Ауэ щыхъукIи (Мерэтыкъуэм зэригъэувымкIэ), ищхьэкIэ зи гугъу тщIа псиитIым, зэхэлъэдэжа иужькIэ, къагъэщIам зэреджэри а жыIэкIэм къытехъукIагъэнущ.

Мыдрейуэ. Краснодар къалэ щыщ лъахэхутэ Ковешников Владимир «Очерки по топонимике Кубани» и тхылъым зэрыщитхымкIэ, щIыпIэцIэр «дэгу» мыхьэнэ иIэу абхъазыбзэм хэт «адэгууа» псалъэм хуэзыхьхэми уарихьэлIэнущ.

1857 гъэм накъыгъэм и 7-м, Урыс-Кавказ зауэм и гуащIэгъуэу, мы щIыпIэм зэхэуэшхуэ щекIуэкIат. ИкIи, тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, абдежым къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэ хьэлъэм, ехъулIэныгъэ къыщагъэлъагъуэу, япэ дыдэу хэтащ а лъэхъэнэм ди лъэпкъэгъухэм къадэзэуа поляк дзэлIхэм я пашэ полковник Лапинский Теофил, европей мардэхэм тету къызэригъэпэща топыдзэри дэщIыгъуу.

XIX лIэщIыгъуэм ипэхэм кIахэ адыгэхэм я деж щыхьэщIа археолог икIи геолог Дюбуа де Монпере Фредерик (Швейцарием щыщ франджыт) гу зэрылъитэгъауэ, АтIэкIум и псыхъуэр Натхъуэдж (адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым зэреджэщ) хэгъэгум и зы щIыналъэу щытащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.

# Дунейм щыхъыбархэр

## IэщIагъэлIхэр даIыгъыу

**УФ-м и Къэрал Думэм бжьыхьэ лэжьэгъуэм щыхэплъэнущ ипотекэ программэщIэхэм теухуа Iуэхугъуэ зыбжанэм.**

«АБЫ дыщытепсэлъыхьыну зэIущIэм хэтынущ Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэмрэ УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэмрэ. Псом япэу а программэхэр яхуэгъэзауэ щытынущ фIагъ лъагэ зиIэ технологиехэм я къызэгъэпэщакIуэхэм. Апхуэдэуи псэупIэ ухуэныгъэшхуэхэр щекIуэкI щIыналъэхэм худэчых зиIэ ипотекэхэр къыщыхэтлъхьэну ди мурадщ», - жиIащ УФ-и Къэрал Думэм Мылъкур зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI Аксаков Анатолэ.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, къэралым щымащIэщ технологие лъэщхэр къызэгъэпэщынымкIэ IэщIагъэлIхэр. «Къэралыр хуэныкъуэщ IT-IэщIагъэлIхэм, ахэр щIыпIэм къинэжу я зэфIэкIыр хэкум хуагъэлэжьэн папщIэ, гъэгушхуэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Iэмал хъарзынэщ псэупIэ къызэращэхуфын ипотекэр къатемыхьэлъэу зэрапшыныжыфын щытыкIэ къахузэгъэпэщыныр», - жиIащ депутатым.

## ДэIэпыкъуэгъу имыIамэ...

**Евросоюзым дипломатиемкIэ и унафэщI Боррель Жозеп къелъытэ КъухьэпIэм и дэIэпыкъуныгъэ Украинэм имыгъуэтмэ, абы щекIуэкI зэныкъуэкъур махуэ 15 нэхърэ нэхъыбэ дэмыкIыу зэфIэкIыну. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщымкIэ, цIыху куэд хуейщ а къэралым щекIуэкI Iуэхухэр нэхъ псынщIэу зэфIахыну. Ауэ Боррель къызэригъэлъагъуэмкIэ, мыхьэнэ нэхъ зиIэр а зэныкъуэкъур зэрызэхэкIыну щIыкIэрщ, абы и кIэм кърикIуэнкIэ хъунурщ.**

«УКРАИНЭМ иджыпсту къару нэхъыщхьэ хуэхъур къухьэпIэ къэралхэр абы и щIыб къызэрыдэтырщ. Абыхэм дамыIыгъмэ, махуэ 15 нэхъ дэмыкIыу зауэр иухынущ икIи Путин Владимир зыхущIэкъуар къехъулIэнущ. Ауэ Европэр хуейкъым апхуэдэ кIэух», - жиIащ абы.

Дипломатым къелъытэ къэралитIым я зэпэщIэтыныгъэм зы хэкIыпIэ гуэр иIэн папщIэ зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIын хуейуэ икIи КъухьэпIэр къыхуриджащ а Iуэхур езым и хабзэхэм тету къызэрагъэпэщын папщIэ яхузэфIэкI псори ящIэну.

КъухьэпIэм щыщ къулыкъущIэ куэдми къалъытэ я къэралхэр къуэмытамэ, Украинэр зэман кIыхькIэ зэпэщIэтыныгъэм хэтыфыну зэрыщымытар. Къапщтэмэ, ВалютэмкIэ дунейпсо фондым и унафэщI Георгиевэ Кристалинэ Киев пIалъэу иритар мазитI-щыт.

**Жэпуэгъуэм и 8**, *гъубж*

♦**УФ-м щагъэлъапIэ кхъухьхэм - псым тетхэми, псы щIагъым щIэтхэми, уэгум итхэми - я командирхэм я махуэр**

♦**1860 гъэм** Бахъсэн цIыхубэ судыр къызэрагъэпэщауэ щытащ.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ЗекIуэхъу Увжыкъуэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Умар Анатолэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **Къагъырмэс Црай**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 9**, *бэрэжьей*

♦**Пощтым и дунейпсо махуэщ**

♦**1909 гъэм** къалъхуащ убых тхакIуэ, журналист **Щхьэплъы Зубейдэ**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ ухуакIуэ, хьэрычэтыщIэ, «ААА» фирмэм и унафэщI **Къурашэ Валерэ**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Мысостышхуэ Маринэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Бжьэ матэ зи куэдым и жьантIэ дегъэувэ.**

● Фэеплъ

# Лъэпкъ гупсысэм и шу пашэ

**Адыгэ усыгъэм и «Мэчэуэ» къалъытэ Хьэгъундыкъуэй къуажэжьым и бын мащIэкъым усыгъэ зэчийм къыхуигъэщIар. Абыхэм ящыщщ усакIуэ гъуэзэджэ Нэхущ Мухьэмэд. Урыс тхакIуэшхуэ Гоголым жиIэгъат: «УсакIуэхэр адрыщI щIыпIэхэм къикIыу къытхыхьэркъым, ахэр езы лъэпкъым къегъэщI. А лъэпкъ дыдэм и мафIэ хъуэскIщ, и гъуощ».**

АПХУЭДЭУ щыщыткIэ, усакIуэхэр лъэпкъым и гу уагъэ мэхъу, а уагъэхэри гъащIэ шыкIэпшынэм и лъынтхуэ шэщIахэм хуэдэщ - сыт хуэдэ гукъеуэри гупсысэри япэу зыгъэIур ахэращ. ПцIы хэмылъу, Мухьэмэди ящыщт ди лъэпкъым и гъуо-лъынтхуэхэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и кIэм лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэушын щыщIидзам, лъэпкъыр хуабжьу хуэныкъуэ хъуащ зи псалъэ IущкIэ, узыншэкIэ цIыхухэр тхыдэм и пэжыпIэм хэзыгъэплъэжу, алъандэрэ яущэхуа адыгэ хабзэри, лъэпкъ дахагъэри, гукъеуэри я пащхьэ изылъхьэжыфыну цIыхухэм. Тхьэм и шыкуркIэ, апхуэдэ цIыху щэджащэхэм щыщIакъым Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэ лъэпкъыр. Нобэ къытхэмытыжми, Дыгъужь Къурмэн, Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд хуэдэ усакIуэ лъэпкъыпсэхэм къапыкIа нэхугъэм лъэпкъым и гъащIэ лъагъуэр къигъэнэхуащ. Я гупсысэкIэкIи, тхэкIэкIи, псалъэм щIалъхьэ къарумкIи мы усакIуэхэр лъэпкъ гупсысэм и шу пащэхэт.

Абыхэм ящыщ Нэхущыр и усакIуэбзэкIи, лирикэкIи, сатыр бзаджагъэкIи зэтеубыда усакIуэт. Лъэпкъ щIыхьым хуэфэщэн псалъэ къыхуэзыгъуэтыфу, лъэпкъ гукъеуэм и мардэр нэгъэсауэ зыгъэнаIуэфхэм ящыщт.

Мухьэмэд и гупсысэкIэ къэухьыр умыгъэщIагъуэуи хъуртэкъым. Философие и лъэныкъуэкIэ ар зыхуэкIуэ гупсысэм архъуанэм хуэдэу узыхелъафэри, уигъэджэрэзурэ и купсэм ухехьэ, итIанэ зы тэлайкIэ мыхьэнэ толъкъункIэ ущIеIубэри, усакIуэм псалъэ щIагъым щIилъхьа гурыгъу-гуращэхэм ухегъаплъэ.

КъызыхэкIа лъэпкъым и гупсысэр щхьэзакъуэу утыкум кърымынэу, дунейм тет цIыхухэм зэдай гупсысэ къэухьым изыгъэувэжыфхэм ящыщт Нэхущыр. Ар Iуэху къызэрыкIуэкъым, усакIуэ куэдми къайхъулIэркъым, псы ежэхым тепсэлъыхькIэрэ, ар зыхэлъэдэж тенджызыми и гупсысэ абрагъуэми хуэкIуэжын. И усэхэр щыхьэт зытехъуэщи, Мухьэмэд ар зылъэкIхэм ящыщт.

Нэхущым и усэ куэд урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Озеров Лев, Наговицын Владимир, Мелехин Павел, Баубековэ Розэ сымэ гъэщIэгъуэныщэу зэрадзэкIащ усэ куэд. Абы къыщымынэу, Мухьэмэд и гупсысэри адыгэ усыгъэ щIыкIэм и теплъэри ягъэкIуэдакъым.

Езы Нэхущри мащIэкъым зэрелэжьар нэгъуэщI лъэпкъым щыщ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм. ИкъукIэ дахэу зэридзэкIыурэ, адыгэ лъэпкъым и пащхьэ ирилъхьащ Пушкин, Лермонтов, Фет, Ахматовэ, Гамзатов, Кулиев сымэ, нэгъуэщIхэми я усэхэр. Абдежи Мухьэмэд и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуащ сыт и лъэныкъуэкIи усакIуэхэр зытета гупсысэ, лирикэ лъагъуэр адыгэбзэкIэ къытегъэзэжыныкIэ.

ГъащIэм зыхигъаплъэ нэщIэбжьэм цIыху псоми зэхуэдэ дерс къыхахыркъым: зыгуэрхэр абы нэхъ ткIий, нэхъ пхъашэ ещI, зыгуэрхэр ирeудыхри цIыху зэщыгуа, пIытIа ещI, ещанэхэр нэхъри гупIащIэ, хьэтырыфIэ ещIри, хамэ гукъеуэри езыхэм яйм хуэдэу зыхащIэу егъасэ. Мухьэмэд арыншами зэрысабийрэ и цIыху щIыкIэкIэ щабэу, хьэлэлу, хьэтырыфIэу къэхъурт, ауэ гъащIэм и лъэпощхьэпохэри къыщыхыхьэжым, ар нэхъри нэхъ набдзэгубдзаплъэ, нэхъ гуапэ ящIащ, хамэ лыузри псэкIэ зыхэзыщIэ цIыху хъуащ.

УсакIуэр зытепсэлъыхьым я къэухьыр инщ. Абыхэм ящыщщ адыгэ лъэпкъым и блэкIамрэ нобэмрэ, адэжь лъахэр, анэр, лIыгъэмрэ щыпкъагъэмрэ, адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ, ныбжьэгъухэмрэ жагъуэгъухэмрэ, лъагъуныгъэмрэ гъащIэмрэ, усыгъэмрэ усакIуэхэмрэ, нэгъуэщI куэдхэри. Ауэ Нэхущым и усэхэм я нэхъыбэр зытеухуар къэзылъхуа лъэпкъымрэ хэкумрэщ, къыдалъхуа и лъэпкъэгъу дыщэхэрщ. Абыхэм усакIуэм яхуиIэ лъагъуныгъэр щIэншэщ икIи мардэншэщ, ахэрщ абы гукъыдэжуи плъапIэуи иIэр.

Нэхущыр хуэнабдзэгубдзаплъэщ зыщалъхуа щIыналъэм, адэжь лъахэм и дахагъэми («Къуршхэр»), абы щыпсэу и лъэпкъэгъухэм я псэукIэ-щIыкIэми («Иджырей адыгэ дуней»), хабзэ дахэ зэрахьэхэми («Иджыри япэм хуэдэу»), яфIэкIуэдыжу хуежьахэми) «...Ар гъэхъужам арат фIэмыкIыу»), хьэлщэн - мыхъумыщIэ къащтахэми («СоIэт цIыхугъэм папщIэ си бжьэр»). УсакIуэм фIыуэ къыгуроIуэ, адрей лъэпкъхэми хуэдэу, адыгэхэр зэманым дэхъун папщIэ хабзэщIэ гуэрхэри къащтэнкIэ зэрыхъунур, ауэ ар зыщышынэр нэгъуэщIщ - зэманым зэрыдекIун хуей щIыкIэр мытэрэзу къыгурыIуэным къыхэкIкIэ ди лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыж хабзэ хъарзынэхэр IэщIыб ищIын зэрыхъунурщ.

Нэхущ Мухьэмэд ирогуфIэ икIи ирогушхуэр ди лъэпкъыр зыIэтын, зыгъэбжьыфIэн бын гъуэзэджэ куэд зэриIэм («ЦIыху кIуапIэ», «Шыгъажэ»), ауэ, абы къыдэкIуэу, ар ирогумэщI, иронэщхъей а лъэпкъым и набдзэу, и напэу щыта цIыху зэчий куэди игъуэ нэмысу зэрыфIэкIуэдам. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, абы фэеплъ усэ гъуэзэджэ зыхуитхыжа ди усакIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIуащ БетIал, Дыгъужь Къурмэн, Гъубжокъуэ Лиуан, артист цIэрыIуэу щыта Акъ Мухьэрбэч сымэ. Къапщтэмэ, абы Акъ Мухьэрбэч фэеплъ хуищIыжа «Жыг закъуэр» апхуэдизкIэ усэфIщ, усэ дахэщ, гурыщIэ мафIэрэ гупсысэ куурэкIэ гъэнщIащи, езы Мухьэмэд и деж къыщымынэу, зэрыадыгэ усыгъэуи зэрыгушхуэн къэхъугъэу убжмэ угъуэщэнукъым.

Псом япэу, мы усэм гупсысэшхуэ, гупсысэ нэщхъей щIэлъым декIун макъамэрэ гъэпсыкIэрэ иIэжщ. Ар - Нэхущым и усэм хухиха сатыритху едзыгъуэ ухуэкIэмрэ абы и ещанэ, еплIанэ сатырхэр макъкIэ, псалъэкIэ зэпэджэжу зэригъэпсамрэщ. А псоми усэм и пкъыр нэхъ лантIэ, щабэ ящI икIи зытеухуа Iуэхугъуэ гуауэм, къиIуатэ гупсысэ хьэлъэм декIун макъамэ нэщхъей кърагъащтэ.

УсакIуэм и гъащIэр игъуэ нэмысу иухами, абы къыщIэна тхыгъэхэм я купщIэр, гупсысэр лъэпкъ литературэм къыхэнащ.

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**

## Нэхущ Мухьэмэд и усэхэр

### Анэм и деж

**Укъэмыгузавэ си псэу, анэ!**
**Уигу къэкIыху нэпсыбэр щIомыгъэкI.**
**КъыпхуэмыщIэу щIэпщIри гукъанэ**
**Незгъэхьа сурэтым ухуоплъэкI.**

**Махуэ блэкIхэм гукIэ уахуэгуфIэу**
**Уобж уи Iэпэр жэщыр къэблэгъэху.**
**Уэ уIутщ бжэIупэм унэщхъыфIэу,**
**НэIурыт поштзехьэр къыпхуэкIуэху.**

**«Сыт къысхуитххэр?» - тхыбзэм**
**умыджэжфу,**
**СощIэр, уигу къилъэту, уогуIэж.**
**Абы хэт къебгъаджэми – пхуэIэфIу**
**Си псэукIэ хъужыр къыбжеIэж.**

**Пащхьэрыт уэздыгъэм уигу ебгъэщIу,**
**Жэщыр хэкIуэтэхукIэ убгъэдэсщ -**
**Жьынду жагъуэу джэм**
**къыбжиIэ пфIэщIу:**
**«КIуар иджырэ къэскIэ зы илъэсщ».**

**Жей пщхьэщытым напIэр пфIызэхуишэу**
**Куэдрэ уэ пэш лъэгур къыбокIукI.**
**Закъуэныгъэ хьэлъэм узыщIишэу**
**Хьэрэмыншэ уи гур пфIыхощтыкI.**

**Ирикъунщ атIэ, умыгупсысэ,**
**Апхуэдизу гугъуи зомыгъэхь.**
**Уэ пхуэхъуну - жыхуэпIами нысэ -**
**Иджыпсту нэгъуэщIым и псэр хуехь.**

**КъыдекIуэхь игу хъуапсэр**
**мафIэу къэплъу,**
**Зэзэмызи къохъу ар жэщ къыщыт.**
**Нэхъ гу IущкIэ гъащIэм сригъэплъу,**
**Ар сэ нэхъри жыжьэ схуохъу зэпыт.**

**Сэ сохъумэр ахэм я жей IэфIыр,**
**СащIыжами зэмызауэ бий.**
**Псоми ягухэр, гъащIэ, умыгъэфIми**
**Щхьэ гу зыщамыхуэу усабий?**

**Ахэр Iуэхукъым... Бэшэч фащэр пщыгъыу**
**Уэ гугъуехьу сэ къыздэплъэгъуар**
**ЗыхэсщIэф сыхъуатэм, къысщыгугъыу**
**Мыгъуэщат: «ЛIы хъунущ!» - жызыIар.**

**СощIэр анэ дыщэу, анэ дахэ,**
**Уигу зыхуэгъуу хъуар къысщыбогъэщI...**
**Ауэ уэри сэри дуней махуэр**
**ДэдымейуэIэ гукIэ къэзмыгъэщI.**

**Сыт итIанэ?.. Куэдрэ си гум къокIыр**
**Хьэблэдэсхэр, ахэр дауэ щыт?**
**ПщIыхьу слъагъухэм Лацэ**
**я нэгу щIокIыр,**
**Къэзгъэнар сымаджэу - хъужам фIыт!**

**И гугъу сщIынщи сыздэщыIэ хэкум,**
**Мэзхэр, псыхэр, гуэлхэр куэдыкIейщ...**
**ЩIыр пшахъуалъэщ,**
**пшагъуэр имыкI уэгум,**
**Ауэ гъуэгухэр зэкIэ мывэ джейщ.**

**Къабзэлъабзэщ кIуэ Герман щIыналъэр,**
**ЦIыхухэри лэжьакIуэщи дунейм**
**ЯмыщIыф щымыIэ, зэрыпсалъэр**
**Нэмыцэбзэщ жомыIэн къудейм.**

**ПщIэрэ, анэ, куэдрэ сегупсысми,**
**Нэгъэсауэ слъэкIкъым къысхуэщIэн:**
**Псори щыIэт ахэр щIыгу зэрысми**
**Хуэмеят щхьэхь зауэкIэ къежьэн!**

**Ауэ а пщIэж хьэхэм ещхькъым мыхэр,**
**Яухуа псэукIэри нэгъуэщIщ,**
**КъэсщIэжауэ уэ узэрыгухэр**
**ФIы уигу сщIыуэ армыра, си фIэщщ.**

**ПщIэжкъэ, анэ, жыпIэти си адэр**
**Зауэм и кIэрауэ щаукIар.**
**Сэри зы щIыхуэшхуэ къыстокIуадэр -**
**НыбжесIэнкъэ сэ зыхуэдэр ар:**

**Сэ сыхуожьэр куэдрэ къэслъыхъуэну**
**Адэ кхъащхьэдэсэм щхьэщыт сын.**
**Абы нисхыуи ар мылIа тщыхъуну**
**ЩIыгу IэмыщIэ закъуэ ныздэсхьын.**

**Куэдщ мы щIыпIэм деж къуэшыкхъэ**
**инхэр -**
**Сядэм хуэдэ дапщэ ахэм щIэлъ?**
**ПщIыкъым, щэкъым, минкъым... сынхэр, сынхэр...**
**Ибэ хъуар зы гъащIэ, зы гухэлъ?**

**Сыт нэгъуэщI нэстхынур, я жей пакIэ**
**Иджыпсту сэлэтхэм ирахьэкI.**
**Къыуахыж сэлам... КъинэмыщIакIэ –**
**ФIы фIэкIа Iей уи гум къомыгъэкI.**

**ГъащIэ Iыхьэр кIэщIми дзищэ Iуткъэ,**
**ЗыIыгъ, анэ, сэ нэзгъэзэжынщ.**
**Махуэ кIуэхэр сэри собж зэпыткъэ,**
**Уэ узэрызиIэмкIи – сыинщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и етхуанэ зэхыхьэм и XII зэхуэсышхуэу республикэм и Парламентым щекIуэкIам щыхэплъащ «КъБР-м и мэкъумэшыщIэхэмрэ IэщыхъуэхэмрэкъэралырхьIа» ...

● Жылагъуэ палатэ

# Лъагъэсыпхъэр - и чэзум

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и етхуанэ зэхыхьэм и XII зэхуэсышхуэу республикэм и Парламентым щекIуэкIам щыхэплъащ «КъБР-м и мэкъумэшыщIэхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ къэралыр къазэрыдэIэпыкъумрэ ар къазэрыIэрыхьэ щIыкIэмрэ» зыфIащам.**

ЗЭХЫХЬЭМ щызэхуэсат республикэм и Жылагъуэ палатэм и къудамэу къалэхэмрэ районхэмрэ щыIэхэм я лIыкIуэхэри.

Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий зэIущIэр къыщызэIуихым, щызэрихьэлIахэр къыхуриджащ и къуэдзэу лэжьа Аттаев Жамал дунейм зэрехыжам папщIэ къэтэджу, дакъикъэкIэ хуэщыгъуэну.

КIэлъыкIуэу, Бердым къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ махуэ зыбжанэ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык ДунейпсоАдыгэ Хасэм (ДАХ) и зэхуэсышхуэ зэрыщекIуэкIар икIи абы и тхьэмадэу Сэхъурокъуэ Хьэутий зэрыхахыжар.

Езы Сэхъурокъуэр кIэщIу къытеувыIащ Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, Европэм и нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм зэгухьэныгъэу щаIэхэм я лIыкIуэхэри зыхэта зэхуэсышхуэр гугъээзагъэу зэрекIуэкIам, хэтахэр зэдэарэзыуэ унафэ узыншэ къызэрыщащтам. Абы кIэлъыкIуэу Сэхъурокъуэм, ДАХ-р КъБР-м и Жылагъуэ палатэм дяпэкIи дэлэжьэну зэрыхьэзырыр къыхигъэщри, зи пашэ IэнатIэм къыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхылърэ дыщэ бгъэхэIурэ Берд Хьэзрэталий иритащ.

АдэкIэ утыку къихьащ КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхь Тимур. Ар къытеувыIащ республикэм гъавэрэ хадэхэкIыу, пхъэщхьэмыщхьэрэ гъэшхэкIыу къыщрахьэлIэжым иужьрей илъэси 5-м къриубыдэу (процент 50-кIэ зэрыхэхъуар), апхуэдэуи къыжиIащ республикэм и экономикэм мэкъумэш IэнатIэм увыпIэшхуэ зэрыщиIыгъыр.

- Ди республикэм, зы цIыхум хуэзэу мэкъумэшхэкIыу къыщрахьэлIэжымкIэ, Урысей Федерацэм япэ увыпIэр щиIыгъщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, КъБР-м и мэкъумэш IэнатIэм тележьэ IуэхущIапIэхэм къэралыр сыт и лъэныкъуэкIи къазэрыдэIэпыкъури, - жиIащ Уэдыхь Тимур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и зэхуэсышхуэу республикэм и Парламентым щекIуэкIам апхуэдэуи къыщыпсэлъахэщ КъБР-м Мэкъумэш IэнатIэхэм я зэгухьэныгъэу щыIэм и тхьэмадэ Алэкъей Инал, республикэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексым, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Щауей Артур, КъБР-м и Май щIыналъэм хыхьэ Ново-Ивановкэ къуажэм щызэхэт «Ленинцы» мэкъумэш зэгухьэныгъэм и унафэщI Русс Владислав, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым «ЭкономикэмкIэ» и кафедрэм и профессор Тогузаев ТIэхьир, «Зольский картофель» ООО-м и тхьэмадэ БжэныкIэ Руслан сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм щыжаIахэм ехьэлIауэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм унафэ зыбжанэ къыщащтащ. Япэрауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм чэнджэщ ират, «КъБР-м и къуажэхэм зэуIуу зегъэужьын» къэрал программэм хухаха ахъшэр зэрыщыту зэрытрагъэкIуадэм кIэлъыплъыну. ЕтIуанэрауэ, республикэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и IэнатIэхэми ягу къагъэкIыж КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрадэлажьэр нэхъри ирагъэфIэкIуэн зэрыхуейр. Ещанэрауэ, езы министерствэми зыхуагъазэ, бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу мэкъумэшыщIэхэм лъагъэсыпхъэр и чэзум IэрагъэхьэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм нэхъри щIагъэхуэбжьэну.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Ди псэлъэгъухэр

# ПцIыIуэпцIышэхэм закъевмыгъэгъапцIэ

***Иужьрей зэманым куэд хъуащ телефонкIэ къагъапцIэурэ зи ахъшэр зыIэщIагъэкIхэр. КъэпщытэныгъэхэмкъызэрагъэлъэгъуамкIэ, цIыху еджахэри, къулыкъу пэрытхэри, уеблэмэ академикхэри бзаджащIэхэм къыщагъапцIэ щыIэщ.***

***Къызэрыхъуар езы дыдэхэм къащIыгурымыIуэжым, зи гъэтIылъыгъэхэр зэрыIэщIагъэкI щIыкIэмрэ а гъэпцIагъэм узэрыпэщIэтыфынумрэ теухуауэ депсэлъащ психологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ щылэжьа, психологие и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм ядэлажьэ, гипнозым хуэIэижь щIэныгъэлI Ногеров Даниял.***

**- Дауэ цIыхухэр тыншу къызэрагъапцIэр? Сыт абыхэм къыжраIэр?**

- ЦIыхур апхуэдэу къигъэщIащи, сытым дежи фIым щогугъ: и кIэн къикIыну, къэралым пщIэншэу фIыгъуэшхуэ къыбгъэдилъхьэну. Ар зы. ЕтIуанэрауэ (нэхъыбэм къэхъур аращи), и Iыхьлы гуэрым нэщIэбжьэ къыщыщIауэ, ар жэуапым ирамышэлIэн щхьэкIэ ахъшэ хуейуэ жаIэри, анэшхуэм е адэшхуэм телефон защIэкIэ ахъшэ IэщIагъэкI. Абы щыгъуэм дежи телефоныщIэрэ номерыщIэрэ къищэхуу абыкIэ псэлъэн хуейуэ къызыжраIам, банкым кIуауэ ахъшэ щIэпхъаджащIэхэм яхуригъэхьыну яужь итыр нэгъуэщIым едаIуэркъым, узэхихыркъым, зыри къыгурыIуэжыркъым. Дауэ зыкърагъэгъапцIэрэ жыпIэмэ, абыи жэуап иIэххэщ... ЦIыхур мэхъуапсэ, мэфыгъуэ, фIыгъуэшхуэ гуэр зэуэ къеуэлIэным щIобэг и къару щымысхьыжу зэрылэжьам пэкIуэжын насып поплъэ сыт хуэдэ ныбжь имытами. Апхуэдэхэм ущепсалъэкIэ тыншу я бзэр «къыботIэтэф». ЗыгъэуэршэрхэрицIыхум и психологием фIыуэ щыгъуазэ, къызэрагъапцIэ Iэмалхэм хэзыщIыкIщи, хъым ихуа бдзэжьейм хуэдэу зэщIеубыдэри, къегъэдэIуэф. Псалъэм папщIэ, и ахъшэр бзаджащIэм и счётым егъакIуэ, е и мылъкуу хъуар банкым кърехри и IэкIэ щIэпхъаджащIэм IэщIелъхьэ, е и машинэр зы жэщым ещэжри къыщIэкIар ет. БзаджащIэм жиIэфынущ банкым къипсэлъыкIыу, ФСБ-м телажьэу е гузэвэгъуэ хэхуа фи Iыхьлым и ныбжьэгъуу. Абы жиIэр уи фIэщ мыхъункIэ Iэмал имыIэу зещI, Iэрыщl интеллектыр (искусственный интеллект) къигъэсэбэпу фи Iыхьлым и макъымкIэ программэр гъуэгыу, лъаIуэу къывигъэпсэлъэфынущ. Аращ «киберпцIыIуэпцIышагъэ» щIыжаIэжыр, иужьрей технологиехэр къегъэсэбэпри.

**- Сыт Iэмалу щыIэр, Даниял? Дауэ абыхэм уазэрыпэщIэтынур?**

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, кибергъэпцIагъэм теухуауэ сурэт, тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр ягуэш, автобус кIуэцIхэм, поликлиникэхэм, банкхэм, телевиденэмкIэ видео къагъэлъагъуэ, хабзэхъумэхэр цIыхухэм, еджакIуэхэм, пенсэ тIысыжахэм яхуэзэурэ бзаджащIэхэм зыкърамыгъэгъэпцIэным хутопсэлъыхь, имыцIыху номерымкIэ къэзыщIым емыпсэлъэну, паролхэмрэ кодхэмрэ жрамыIэну яущий. Ауэ абы едаIуэу, а махуэ дыдэм зи ахъшэ зыIэщIахи щыIэщ. Зэ Iуплъэгъуэхэ зыкIи упэщIэмытыфыну, цIыхухэр пхуэмыгъэIущыну къыпщохъу. Ауэ щыIэщ зы хэкIыпIэ. Банкымрэ цIыхумрэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIэкIэ, тхылъымпIэм хьэрфышхуэкIэ тхауэ, къыхэгъэщхьэхукIауэ ттын хуейщ банкым и лэжьакIуэхэр ЗЭИ пароли коди зэрыщIэмыупщIэр, ахъшэ зыIэпыхыныр, гъэIэпхъуэныр телефон защIэкIэ зэрамылэжьыр, апхуэдэ гуэр къэхъуу щытми, абыкIэ езы цIыхум жэуап зэрихьыр, IэщIагъэкIа и ахъшэри къызэрырамытыжынур. А тхылъым, Iэмал имыIэу, щIэлъын хуейщ банкым и унафэщIым и Iэр. ЦIыхум ар сытым деж и нэгум щIэтынущ, игу ириубыдэнурэ.

**- Псалъэм папщIэ, къэпсэлъащ си деж бзаджащIэ, ахъшэр сIэщIигъэкIыну. «Банкым ныэощIыкI, щIэпхъаджагъэхэм уи счётыр ягъэкъэбзэну еныкъуэкъуу къэтхутащ. Ар къэмыхъун щхьэкIэ нэгъуэщI счёт дгъэкIуэн хуейщ, - жи. Ар апхуэдизкIэ фIэщ щIыгъуафIэу жеIэри, сыкъогузавэ. Сыт сщIэн хуейр зыкъезмыгъэгъэпцIэн папщIэ?**

- Психологием иIэщ Iэмал, апхуэдэ щытыкIэм укъришу, мыхъумыщIэм ущихъумэу. ЩIэн хуейри мыращ: къэпсэлъам жэуап иумытыжу, телефоныр тыболъхьэжри, дакъикъи 10-15-кIэ уогупсыс къыбжаIам. Ар урикъунущ кибергъэпцIагъэм теухуауэ зэгуэр зэхэпхари, плъэгъуари, узыхуагъэIущари къэпщIэжынымкIэ. БзаджащIэхэм зы номеркъым, тIукъым яIэр. Номер зэхуэмыдэ куэдкIэ къащIыфынущ. УмыцIыхур къытепхыркъым, уепсалъэркъым. Банкым илъ фи ахъшэм теухуауэ фыгузавэмэ, полицэм фыпсалъэмэ нэхъыфIщ. Къыхэгъэщыпхъэщ: хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм нэхъ псынщIэIуэу хъыбар евгъащIэмэ нэхъыфIщ, бзаджащIэхэм замыгъэпщкIуж щIыкIэ къызэрыпсалъа номерымкIэ къагъуэтыфынущи.

**- А псори IэщIэхужри, къагъэпцIащ цIыхур... Сыт ищIэн хуейр?**

- Къэхъум къэхъур аращи, ягъэундыращхъуэри, къагъэпцIащ, псалъэм и хьэтыркIэ. ЗыкъызэрыпщIэжу полицэм упсэлъэн хуейуэ аращ, зумыIэжьэу. Iуэхур кIыхь-лъыхь пщIыху, бзаджащIэхэм загъэкIуэдыжыну зэман ибот. УкъагъэпцIэным емыкIу пылъкъым, ар зи гуэныхьри зи емыкIури езы щIэпхъаджащIэр аращ. «ЦIыхум къысхужаIэнур сыт? Си напэр текIащ си делагъэкIэ», - жаIэурэ, зи ахъшэ зыIэщIагъэкIа цIыхухэм зыщаущэху, ахъшэ щIыхуэ къызрагъэщтам ар щэхуу щипшыныж щыIэщ. Ар тэмэмкъым. Иджыпсту къыдэкIуэтей щIалэгъуалэр губзыгъащэщ, техникэм фIыуэ хащIыкI, ахэр къэбгъэпцIэнуи нэхъ гугъущ. Нэхъыбэм лей къызытехьэр совет лъэхъэнэм жыIэдаIуэрэ жыIащIэу ягъэса ди нэхъыжьхэращи, абыхэм яхуэсакъын хуейщ. Фи адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм щIэхщIэхыурэ фепсалъэ, ямыцIыху номерыр къытрамыхыну, дэмыуэршэрыну яжефIэ, къагурывгъаIуэ. Къытебгъэзэжурэ цIыхум жепIэр и гум ирeубыдэ.

*Епсэлъар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**

● ТхылъыщIэ

# Зи Iэужьхэр дахэ

**«Принт-центр» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ дунейм къыщытехьащ Къудей Владимир аргуэру и зы лэжьыгъэ, «Творцы добрых дел» фIищауэ.**

ЩIЭДЖЫКIАКIУЭМ тхылъым къыщигъуэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм, абы щыпсэу цIыхухэм я гъащIэр нэхъ тынш щIыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыхухэм ятеухуа очеркхэрхэмрэ тхыгъэхэмрэ. Ахэр зэман зэхуэмыдэм итхащ Къудей Владимир, цIыху щхьэхуэхэм, Iуэхугъуэ пыухыкIахэм теухуауэ, ауэ псори зым зрешалIэ: гъащIэм лъэ быдэкIэ хэт дэтхэнэ зыри хуейщ зыпэрыт IэнатIэм щыпашэну, и къалэным хэт нэхъри нэхъыфIу пэлъэщыну, къыщыгугъ цIыхухэм, жылагъуэм, езым и щхьэм яхуэщхьэпэну.

Iуэху зехьэкIэ екIу, хьэлщэн псыхьа зиIэ цIыху 99-м иджырей тхыдэм я Iэужьрэ лъэужьыфIрэ къызэрыханар къыщегъэлъагъуэ тхакIуэм и IэдакъэщIэкIым.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# ЩIыхуэм нэхъри хохъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ и коммунальнэ IуэхущIапIэхэм «Россети Северный Кавказ»-м и щIыхуэу псоми зэхэту ятелъыр сом меларди 2,5-м щIигъуащ. Псом нэхърэ нэхъыбэ зэтрезыгъэхьар жылэхэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэрщ.**

2024 гъэм и мазийм къриубыдэу КъБР-м и коммунальнэ IуэхущIапIэхэм электрокъаруэ къагъэсэбэпам и процент 28-м хуэзэрщ ятар икIи ар проценти 5-кIэ нэхъ мащIэщ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

Псори зэхэту IуэхущIапIэхэм щIыхуэу ятелъ сом меларди 2,5-м щыщу сом милард 1,7-р жылэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм къалъос. Абыхэм хуащIа Iуэхутхьэбзэм и процент 12-рщ ахъшэ зыщIатар е сом мелуан 61,7-рэщ.

ЭлектрокъарумкIэ щIыхуэ нэхъыбэ зытелъхэм яхэтщ «Налшык водоканал», «Шэджэм щIыналъэ водоканал», «Водресурс», «Благострой», «Тэрч водоканал» IуэхущIапIэхэр.

Энергетикхэм зэрыжамкIэ, электрокъарур зэпымыуу цIыхухэм яIэрыхьа хъуныр куэдкIэ елъытащ коммунальнэ IуэхущIапIэхэм зэтрагъэхьа щIыхуэр зэрызытрагъэкIыжым и псынщIагъым. Iуэхур кIуэтэн щхьэкIэ ахэр суд пащхьэм ирашэ, ауэ абыхэм я нэхъыбэр къэрал IуэхущIапIэу зэрыщытымрэ абыхэм я лэжьыгъэр къэбгъэувыIэ зэрымыхъунум теухуауэ щыIэ хабзэмрэ энергетикхэр елъахъэ.

**БЭБЭЧ Бэчыр.**

# Унагъуэ мини 6-м щIигъум ахъшэхэр иратыж

**Урысей Федерацэм и Соцфондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, республикэм и унагъуэ 6647-м хъыбар ирагъэщIащ анэ капиталу иратам щыщу сом мини 10 нэхърэ нэхъыбэ къазэрыхуэмынэжамкIэ. Иджы зэ тыгъуэу ят ахъшэу ахэр къащтэж хъунущ абыхэм.**

АБЫ щхьэкIэ унагъуэхэм «Госуслуги»-м и интернет порталыр къагъэсэбэпу лъэIур Соцфондым ирагъэхь хъунущ, е МФЦ-м, е езы IуэхущIапIэм Iухьэу абы щатхыфынущ.

«Анэ капиталыр зыуэ ят ахъшэ пособиеу къэбгъэсэбэп хъунущ, абы щыщу сом мини 10 нэхърэ нэхъыбэ счётым къимынэжауэ щытмэ, нэхъыбэмэ - къыпхуадэнукъым. Мы Iуэхугъуэм пIалъэ хэха иIэкъым. ЛъэIур сыт щыгъуи Соцфондым ебгъэхь хъунущ, сом мини 10 нэхърэ нэхъыбэ къыщымынэжам къыщыщIэдзауэ. Мис апхуэдэ унагъуэхэращ ди къудамэм хъыбархэр иджыпсту зригъэщIар», - жиIащ УФ-м и Соцфондым и къудамэм и унафэщI Бакъ Николай.

Анэ капиталым щыщу ахъшэ дапщэ счётым къинэжами къыщыпщIэ хъунущ «Госуслуги»-м и порталым цIыхум щиIэ и кабинетыр къэбгъэсэбэпу. Унагъуэхэм Соцфондым хуагъэхьа лъэIум махуипщI хуэдизкIэ IэщIагъэлIхэр хоплъэ икIи махуитху пIалъэкIэ ахъшэр счёт къагъэлъэгъуахэм ягъакIуэ, ар кърагъэтыну апхуэдэ щхьэусыгъуэ щыIэу щытмэ.

**ХЬЭМЫДЭ Хьэдадэ.**



● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

# МыIэрысэхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ щагъэлъагъуэ

**Абхъазым и утыкум жэпуэгъуэм и 5 - 6-хэм щекIуэкIащ «Яблочный джем» фестивалыр. Абы хэтащ Кавказым и щIыналъэ куэдым щыщхэр. Ар къызэрагъэпэщащ Налшык къалэ администрацэмрэ Налшык къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа» институтымрэ, «Туризм и индустрия гостеприимства» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу.**

ДЫЗЭПЛЪЭКIЫЖРЭ, фестивалыр щрагъэжьа 2019 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм дгъэзэжмэ, Урысей псом япэ рекордыр щагъэуват: утыкум щыплъагъурт зи кIыхьагъыр метр 50, зи бгъуагъыр метр 20 хъу мыIэрысэ тхыпхъэщIыпхъэ. Къалэм зегъэужьынымкIэ «Платформа арт-зал» институтым и IэщIагъэлI Аккизов Керим жиIащ ар ягъэхьэзырын папщIэ мыIэрысэ зэмылIэужьыгъуэу тонн 40 (мыIэрысэ 175440-рэ) абы щыгъуэ къызэрагъэсэбэпар. Илъэс блэкIахэм екIуэкIа фестивалым щагъэуващ мыIэрысэм къыхэщIыкIа арт-объект зэмылIэужьыгъуэхэр, «Сосрыкъуэ» шхапIэм и теплъэри хыхьэу.

Хабзэ хъуауэ, абы щагъэлъэгъуащ шхапIэхэм, пщафIэ Iэзэхэм ягъэхьэзыр кавказ лъэпкъ шхыныгъуэхэр, мыIэрысэм къыхэщIыкIа варенэ, джем, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуахэр, хьэлывэхэр, ерыскъыпхъэхэр къыщIэзыгъэкIхэм я гъэшхэкIхэр, фор, IэфIыкIэхэр, псы IэфIхэр, махъсымэхэр. Iуэхум хыхьэу лекцэхэр, хьэпIацIэщыгъэ зэIущэнымкIэ, мывэ лъапIэхэм къыхэщIыкIа цIуугъэнэхэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр гъэхьэзырынымкIэ мастер-классхэр, жармыкIэхэр, сабийхэм папщIэ джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэр къызэрагъэпэщащ. ЖармыкIэм утыку къыщрахьащ IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр, саугъэт цIыкIуфэкIухэр. Республикэм и артистхэм макъамэ пшыхьхэр ягъэдэхащ, театр теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ. Телъыджэ ящыхъуащ Belcanto Orchestra камернэ оркестрым игъэзэщIа макъамэхэр.

Фестивалым хэтхэм псом хуэмыдэу ягу дыхьащ удз гъэгъа теплъэ зиIэ IэфIыкIэхэр. Зэхыхьэр нэхъри щIэщыгъуэ ящIащ, ди республикэм и мызакъуэу, къэралым и пщафIэ цIэрыIуэхэм ягъэхьэзыра шхыныгъуэхэм. Апхуэдэт япон шхыныгъуэхэмкIэ IэщIагъэлI, Кореем щекIуэкIа пщафIэ Iэзэхэм я зэпеуэм щытекIуа Курсант Нурдинрэ «Битва шефов» теленэтынымрэ «Архитектура вкуса» урысейпсо зэпеуэмрэ щытекIуа Тамразян Романрэ. Зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэр кIэлъыплъащ абыхэм пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр, лыхэкIхэр къагъэсэбэпурэ ягъэхьэзыра шхыныгъуэхэм. КъызэщIэпкъуэжмэ, Iуэхур къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ мыIэрысэ джем литр 300 фестивалым и махуитIым къриубыдэу ягъэващ, икIи аргуэру Урысейм рекордхэмкIэ и тхылъым ихуащ.

Зи унагъуэр лIэщIыгъуэ хъуауэ кхъуей гъэхьэзырыным хуэIэзэ, абы и щэху псоми щыгъуазэ, Рыбинск къалэм щыIэ «Мамука» куржы шхапIэм и пщафIэ Iэзэ Ткачёв Сергей абы теухуа мастер-класс итащ. МызэмытIэу зи гугъу фхуэтщIа, «Кондитер. Дети» теленэтыным щытекIуа, фестивалым хэта пщафIэ ныбжьыщIэ Куэцэ Инал игъэхьэзыращ зэхуэсахэм ягу дыхьа IэфIыкIэхэр.

- Мыр халуми кхъуей лIэужьыгъуэращ. Ар дэпкIэ догъэжьэри мыIэрысэ гъэгъуам и гъусэу Iэнэм тыдолъхьэ. Узэмыса гуэру къыпщыхъункIэ хъунщ ар, ауэ шхыныгъуэ щIэщыгъуэщ икIи IэфIщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыIэрысэ цIэрыIуэхэмкIэ ар догъэхьэзыр. Фестивалым цIыхушхуэ къекIуэлIащ. ЦIыхубзхэр къызбгъэдыхьэурэ шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэм и щэхухэм щIоупщIэ, къызочэнджэщ, - жиIащ Ткачёв Сергей.

Тэнащ Лалинэрэ Бей ФатIимэрэ фестивалым щагъэлъэгъуащ адыгэбзэр хъумэным хуэунэтIа открыткэхэр, саугъэт папщIэу узэрыхуэупсэ хъуну цIыкIуфэкIухэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр щызэхуэхьэса тхылъ.

Зэхыхьэр и щыхьэтщ республикэм и щIы гектар мин бжыгъэхэм мыIэрысейхэр зэрыщагъэкIым, бжьыхьэм мыIэрысэ берычэт къызэрыпачыжым, абы щIыналъэм исхэр зэрыригушхуэм. Гу зылъыптэращи, фестивалым кIуэ пэтми зеубгъу, и программэри нэхъ щIэщыгъуэу къызэрагъэпэщ, хьэщIэхэм я бжыгъэми хохъуэ. «Яблочный джем» фестивалыр щIызыхашэм и зы щхьэусыгъуэщ зыгъэпсэхугъуэ махуэм унагъуэхэр, благъэхэр, ныбжьэгъухэр зэхуэзэныр. Абы и лъэныкъуэкIэ зэхыхьэ гуапэр зи жэрдэмхэм я къалэныр къехъулIащ. МахуитIым екIуэкIа фестивалым къалэдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ зыщагъэпсэхуауэ, я нэгу зрагъэужьауэ зэбгрыкIыжащ. Балигъи сабии зэхыхьэр фIыуэ ялъэгъуащи, етIанэгъэ екIуэкIынум зэрыпэплъэнум шэч хэлъкъым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ЩIэблэм щэн яхэзылъхьэ

**ЕгъэджакIуэм гъащIэм щиIэ мыхьэнэр хуабжьу инщ. ЦIыху щхьэхуэм и гупсысэр зэтеувэнымкIэ, нэхъыфIу къехъулIэр зэхищIыкIынымкIэ, и гум Iэпих IэщIагъэ къыхихынымкIэ, гъуэгу захуэ теувэнымкIэ куэдрэ лъагъуэхэш мэхъу егъэджакIуэр. Зи лэжьыгъэм щIэщыгъуагъ хэзылъхьэ, щIэблэм я лъэпкъ гупсысэхэр къэзыгъэушыф егъэджакIуэхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ, ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ лъэпкъ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ. Абы сэри сригъэджащ сыщыстудентым. ЩIэщыгъуэ куэд къызыхэсхыу щытахэм ящыщщ и дерсхэр. Студентхэм ятеухуауэ гудзакъэ иIэщи, абыхэм анэдэлъхубзэм пщIэ хуащIрэ хэкупсэу къэтэджыным и зэфIэкI хелъхьэ. Студентхэр зэрыригъаджэм нэмыщI, адыгэ Iуэхум жыджэру хегъэт. Абы щыхьэт тохъуэ адыгэ щэнхабзэмкIэ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ центрым щилэжьхэр. А центрыр Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм егъэщIылIащ.**

- АДЫГЭ щэнхабзэмкIэ центрыр ЦIыпIынэ Аслъэн къызэригъэпэщат. Республикэм щилэжь адыгэ Iуэхур щIалэгъуалэм я дежкIэ щхьэпэ защIэт, акъыл зыхэлът. Университетым и унафэщIхэм абы гу лъатэри, лъэIукIэ къашауэ щытащ. Центрыр зэрылэжьэну мардэхэр яубзыхуат, мурад и куэдт, ауэ лэжьыгъэр шэщIауэ ежьатэкъым, гуауэр къыщыхъуам. Илъэсым нэблагъэкIэ зыми и нэIэ щIэтакъым центрыр. ИтIанэ, сэ сыкърагъэблэгъащ. Абы сыщыгуфIыкIатэкъым, пэжым ухуеймэ. ЦIыпIынэ Аслъэн и псэ нэхум щыщ мыбы зэрыхилъхьар сщIэрти, сэ абы хуэфэщэну Iуэхум сыбгъэдэмыхьэфынкIэ сыгузавэрт. ИтIани, къызэхъулIаIауэ схужыIэнущ - нэхъыжьыфI, упщIэжэгъу Iущ уиIэмэ сыт хуэдэ Iуэхуми шынагъуэ хэлъыжкъым. УпщIэжэгъу тщIауэ щытащ лъэпкъ музейм, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым я лэжьакIуэхэр. Мылъку етхьэлIэн диIэтэкъым, ауэ екIуу къызэдгъэпэщын хуейт. ИтIанэ, пэшыри тфIэцIыкIут. Мыбдежым лъэпкъ музейм и дизайнерхэр дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ. «Адыгэ хьэщIэщым и концепцэ дывгъэщI» жери къигъэIуащ музейм и унафэщI Накуэ Феликс. Сыт хуэдэ ар! Адыгэр сыт щыгъуи хьэщIэ кIуапIэщ - ар щебгъэтIысэхын, абы гъэщIэгъуэн щыхъун, гупыжрэ щхьэусыгъуэрэ иIэмэ, джэгу тIэкIу щыпщIын утыку гуэр - ахэр къызэдгъэпэщащ. Къэтлъытащ, адыгэм щхъуэкIэплъыкIэу нэм къыщIэуэ зэрыфIэмыфIри. Ди университетым декоративнэ гъуазджэм щелэжь къудамэ иIэщ. Абы щыIэхэм хьэпшып гуэрхэр къыхэтхащ. ИкъукIэ сэбэп къытхуэхъуащ пхъащIэ Iэзэ, адыгэм и тхыдэ щIэныгъэми фIыуэ хэзыщIыкI Урыс Аслъэн. Iэнэ лъакъуищхэр абы едгъэщIауэ щытащ. Iэнэмрэ шэнтымрэ сантиметр дапщэкIэ зэщхьэщыкIын хуей - ар нэгъунэ къипщащ. Пхъэ вакъэ тхуищIати, абыи гупсысэ хилъхьащ - и инагъыу пасэм ящIу щытар, къызыхащIыкI пхъэ лIэужьыгъуэр - абыхэм щыгъуазэт. Ахэр ищIыху сэри зыкъомым сыхуригъэджащ, - къыддогуашэ Мадинэ центрыр къызэрыунэхуам и хъыбарымкIэ.

Езауэ Мадинэ адыгэ ныбжьыщIэхэм я гупсысэкIэм, Iуэху хыхьэкIэм, гупсысэ къэIуэтэкIэм кIэлъоплъ. Тыншу зэхегъэкI хэт сытым нэхъ хуэIэижьми. Лэжьыгъэ гуэрхэр пщэрылъ щахуищIкIи а псор къелъытэ. Университетым къыщызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтщ и студентхэр.

- Щэнхабзэм теухуа пшыхь, зэIущIэ, щIэнтIуатэ ирехъу, жыджэру хэтщ ди студентхэр. Адыгэ щэнхабзэм, литературэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ди нэхъыжьхэм я цIэр зэрытхъумэным, я IуэхущIафэхэр щIэблэм зэредгъэлъагъуным долэжь, - жеIэ Мадинэ.

Езауэ Мадинэ щогуфIыкI диплом къудей щхьэкIэ мыхъуу, еджэну яфIэфIу адыгэбзэмкIэ къудамэм къыщIэтIысхьэр куэд зэрыхъум. ЖеIэ яджыр яфIэгъэщIэгъуэну, упщIэ я куэду, я жэуап къэтыкIэми фIыкIэ уигъэгугъэу.

- НэхъыфIхэр, щIэныгъэм нэхъ хуэнэхъуеиншэхэр, къаухмэ, егъэджакIуэу кIуэнхэщ - езыхэми зыгуэр гъуэгу трагъэувэнщ. Абыхэм сахуохъуапсэ, щIэныгъэ зэрагъэгъуэту IэнатIэ пэрыувэ къудей мыхъуу, къэралми гулъытэ къахуищIыну, - жеIэ абы.

Адыгэ щIэблэм зыщыгуфIыкIыу ядилъагъухэм щытепсэлъыхьым, абы къыхигъэщащ хабзэ зыхэлъ, щIэныгъэм зи гупэр хуэгъэза, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ зэрыдиIэр.

«Ди лъэпкъым и щэным сыт нэхъыщхьэу хэплъагъуэр?» - жытIэри зыхуэдгъэзат Мадинэ. Мыпхуэдэ гупсысэ къыджиIащ:

- СыныбжьыщIэу, телевизоркIэ зыгуэрхэм сыщеплъкIэ, абы къигъэлъагъуэхэм дэ ди лъэпкъыр къыкIэрыхуу, нэхъ хуэмыхуу къыщысщыхъуу щыта зэман къысхуихуащ. Сызэрымызахуэр сэ езым гъащIэм къызгуригъэIуэжащ. Дэ ди деж хуэдэу нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ зэхущытыкIэ дахэ зи яку дэлъ къэгъуэтыгъуейщ. Къытхуэнащ ар, тхэлъщ, хэт сыт жиIэми. Адыгэм хуэдэу укIытэм мыхьэнэшхуэ езыт, напэр къабзэу зыхъумэф щыIэкъым. ДызытекI мыхъу хабзэхэр тIэкIу ткIийуэ гугъу дыщрагъэхьи щыIэщ. Ауэ а гугъуехьым ди псэр егъэнщIыж. Мис ар ди лъэпкъым и къарущ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Тхьэмокъуэм и зэфIэкIыр Корееми щегъэлъагъуэ

**Корее Ипщэм и Чхунчхон къалэм къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ. Абы дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и домбеякъ медалыр къиxьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн Тхьэмокъуэ Элинэ. Къыхэдгъэщынщи, япэм зэи къэмыхъуауэ, абы щызэпеуащ къэрали 127-м я спортсмен 960-рэ, я ныбжькIэ илъэс 15 - 17-хэм иту.**

ТХЬЭМОКЪУЭ Элинэ нэмыщI, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щызэуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэу Бицу Къантемыррэ Хубуловэ Анжеликэрэ.

Ди ныбжьыщIэхэм ящыщу япэу утыкум къихьар Тхьэмокъуэ Элинэщ икIи и хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым ящанэ увыпIэр къыщихьащ. Ар ехъулIэныгъэшхуэщ адыгэ пщащэ цIыкIум дежкIэ, абы цIыхуу щыIар къэплъытэмэ.

КIэух зэпеуэм и Iыхьэ нызкъуэм икIын папщIэ, Элинэ япэщIыкIэ тригъэкIуэтащ Бразилием, Венгрием, Тыркум я спортсмен лъэщхэр, итIанэ абы щыхуэзащ Ираным и тхэквондисткэ, иужькIэ чемпион хъуа Османд Газал. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыбдежым ди хъыджэбзым и къарур хурикъуакъым, апхуэдэ щIыкIэкIи чемпионатым ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

Тхьэмокъуэ Элинэ зыгъасэр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Тикаев Индрисрэщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Кайзер къызэрыгуэкIкъым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Май щIыналъэм хыхьэ Котляревскэ къуажэм щыщ Кайзер Денис Венесуэлэм и къалащхьэ Каракас щекIуэкIа, Курсантхэм я еплIанэ дунейпсо джэгухэм дыщэ медаль къыщихьащ. Километритху зи кIыхьагъ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу къэжынымкIэ екIуэкIа зэпеуэм ди лъахэгъум къытекIуэн къахэкIакъым.**

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, Денис пасэ дыдэу спортым зритащ икIи 8-нэ классым хэсу абы и зэфIэкIхэр щалъагъум, ар хуагъэлъэгъуауэ щытащ Ставрополь къалэм щыщ тренер Татаринцев Александр. ИужькIэ ар къэкIуэжащ Прохладнэ къалэм щыIэ, Олимп джэгухэм хэтыфынухэр щагъэхьэзыр спорт еджапIэм, тренер Ипатов Александр и нэIэ щIэту. Зэман дэкIри, Кайзер Денис щIэтIысхьащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм Физкультурэ щэнхабзэмкIэ и дзэ институтым.

**ХЬЭМЫДЭ Хьэдадэ.**

# Джэгум зезыгъэхъуэжа дакъикъищ

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Рубин» (Ялтэ) - 2:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 5-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Шипков, Бэхъус (тIури Краснодар щыщщ), Головченкэ (Дон Iус Ростов).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Лелюкаев, Гъуэгузокъуэ, Далиев Дауд, КIэдыкIуей, Блий (ХьэцIыкIу, 76), Жангуразов (Далиев Дени, 60), Селяев, Хьэшыр, Мэшыкъуэ (Шэрджэс, 76), ЛIуп (Молэмусэ, 84).

«**Рубин**»: Колесов, Тарасенкэ, Шестаков, Алиев, Санакоев, Шульга, Польшиков (Наниев, 72), Скавыш, Зубавленкэ, Максимов (Папазян, 76), Пурак.

**Топхэр дагъэкIащ**: Польшиковым, 36 (0:1). Далиев Дауд, 68 (1:1). ЛIупым, 70 (2:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ**: Далиев Дауд, Польшиковым, Тарасенкэ, Блийм, Шульга, Селяевым.

**86-нэ дакъикъэм** Хьэшырым пенальти худэгъэкIакъым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм джэгугъуих хъуауэ щытемыкIуэф «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъат зэпеуэм щынэхъыфIхэм ящыщ Ялтэ и «Рубин»-р. Дауи, гугъэшхуэхэр абы щыдиIэтэкъым икIи нэхъыбэ дыдэу дызыщIэхъуэпсыр ди щIалэхэр я стадионым къыщыхамыгъэщIэнырт.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм нэхъ дызыщышына дыдэр къэхъуащ. НалшыкдэсхэрекIуэ ебгъэрыкIуэ, хьэщIэхэр хагъэзыхь зэпыту екIуэкIами, Къырымым къикIахэм топ къыхудагъэкIарэ дыдейхэм зы жэуапи ирамытыжыфауэ загъэпсэхуну икIащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэми куэдкIэ дыщыгугъыртэкъым. Абы и екIуэкIыкIэм зрагъэхъуэжын папщIэ «Спартак-Налшыкым» и тренерхэми зыри ямыщIа хуэдэт. ХьэщIэхэми заралъэкIкIэ зыкърагъэбыдэкIат, текIуэныгъэр къахуэзыхь бжыгъэр яхъумэн папщIэ. АрщхьэкIэ, напIэзыпIэм псоми зыкъызэридзэкIащ. Абы папщIэ дакъикъищ хуеяуэ аращ. ЯпэщIыкIэ Далиев Дауд бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. КъыкIэлъыкIуэу, псынщIэ дыдэу ЛIуп Ислъам етIуанэ топри хьэщIэхэм яхудигъэкIащ.

НапIэзыпIэм Iуэхум зэрызихъуэжам налшыкдэсхэм я лъэр нэхъ жаныж ищIащ. Кърымым къикIа хьэщIэхэр хуабжьу Iэнкунт, къэхъуар къагурымыIуэу.

«Спартак-Налшыкыр» а дакъикъэхэм зэтеIыгъэгъуейт. Арауэ пщIэнтэкъым мазэрэ ныкъуэрэ хъуауэ текIуэныгъэкIэ дызымыгъэгуфIэфыр. ХьэщIэхэр апхуэдизкIэ абыхэм хагъэзыхьырти, щIэх-щIэхыурэ футбол хабзэр къызэпаудын хуей хъурт. Апхуэдэхэм ящыщ зым хэгъэрейхэм Iэмал ягъуэтащ метр пщыкIузым и деж щыту бжыгъэр ягъэбэгъуэну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, налшыкдэсхэм я капитан Хьэшыр Алан ар къыхуэгъэсэбэпакъым икIи зэуа топым «Рубин»-м и гъуащхьэтетым кърагъэзэщ.

Абы щхьэкIэ къэмынэу, 2:1-уэ иухри джэгум дэрэжэгъуэ ин къыдитащ. Хэт ищIэн «Спартак-Налшыкым» и къэкIуэну ехъулIэныгъэшхуэхэм ар щIэдзапIэ хуэхъунуми.

АпщIондэхукIэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм щыпашэм зихъуэжащ. Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ икIи адыгэ щIалэ гуп зыхэт Ставрополь и «Динамо»-м зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ, Дон Iус Ростов и командэр хигъащIэри. Абы зэкIэ тригъэкIуэтащ Севастополь щыIэу хэгъэрейхэр къызэфIэкIа Таганрог и «Форте»-р. Пэжщ, ар зы зэIущIэкIэ нэхъ мащIэрэ джэгуащ икIи аргуэру япэ ищыжыфынущ. Абы щыгъуэми, зэхьэзэхуэр иухыным зэIущIэ тхурытху-хырых командэхэм къахуэнэжауэ аращ. Аращи, дэтхэнэ зы щыуагъэми и уасэр лъапIэ дыдэ хъунущ.

Ставропольрэ Таганрогрэ я зэныкъуэкъуныгъэм хэIэбэфынущ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-ри. Ар иджыпсту ещанэ увыпIэм щытми, иужьу Владикавказ и «Алания-2»-р, жэуапыншэу топи 8 худигъэкIыу, зэрыхигуа щIыкIэм набдзэгубдзаплъэу ухущегъэт.

ДыкъигъэуIэбжьащ Черкесск и «Нарт»-м. Джэгугъуэ блэкIам, Мейкъуапэ щыIэу, щIыпIэ «Дружба»-м зэрыщытекIуам абы хэт щIалэхэм я щхьэр игъэунэзауэ фэтетщ. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыIуэнур къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм и стадионым щыIэу Ингушым къикIа Нэзрэн и «Ангушт»-м бжыгъэшхуэкIэ, 0:3-уэ, къызэрыхигъэщIар. Хэт ищIэн, Къэрэшей-Шэрджэсым и командэ нэхъыщхьэр илъэс зыбжанэ хъуауэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ инхэм зэрыхэмытам и зэран иджы къекIыжу арами. Сытми, бэлэрыгъ зэрымыхъунур ингушхэм къыгурагъэIуа хуэдэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым а махуэм щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **2**:**1**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Алания-2**» (Владикавказ) - **8**:**0**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **0**:**3**, «**Строитель**» (Каменск-Шахтинский) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1**:**2**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Форте**» (Таганрог) - **2**:**0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **1**:**0**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр жэпуэгъуэм и 12-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Каменск-Шахтинск къалэм абы и «Строитель»-м щыIущIэнущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Динамо-Ставрополь»** | **27** | **15** | **9** | **3** | **45-24** | **54** |
| 2. «Форте» | 26 | 16 | 5 | 5 | 53-25 | 53 |
| 3. «Легион» | 26 | 16 | 4 | 6 | 49-19 | 52 |
| 4. «Рубин» | 27 | 15 | 4 | 8 | 37-25 | 49 |
| 5. «Ростов-2» | 26 | 15 | 3 | 8 | 48-27 | 48 |
| 6. «Севастополь» | 25 | 13 | 7 | 5 | 37-20 | 46 |
| 7. «Астрахань» | 25 | 12 | 4 | 9 | 31-28 | 40 |
| 8. «Ангушт» | 27 | 7 | 14 | 6 | 21-18 | 35 |
| 9. «Строитель» | 26 | 9 | 8 | 9 | 28-28 | 35 |
| 10. «Нарт» | 26 | 10 | 5 | 11 | 31-38 | 31 |
| **11. «Спартак-Налшык»** | **26** | **8** | **7** | **11** | **38-38** | **30** |
| 12. «Дружба» | 26 | 9 | 3 | 14 | 30-37 | 29 |
| 13. «Кубань Холдинг» | 27 | 7 | 8 | 12 | 22-32 | 26 |
| 14. «Биолог-Новокубанск» | 26 | 7 | 5 | 14 | 33-43 | 23 |
| 15. «Победа» | 27 | 5 | 8 | 14 | 27-43 | 22 |
| 16. «Алания-2» | 27 | 4 | 5 | 18 | 21-69 | 17 |
| **17. «Динамо-2»** | **26** | **3** | **5** | **18** | **15-52** | **14** |

● Гу зылъытапхъэ

ПщIэ зыхуэтщI абонентхэ! Иджыпсту зекIуэ хабзэмкIэ щIыналъэ операторым и къалэнщ зехьапщIэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр цIыху щыпсэу е щымыпсэу псэуалъэр здэщыIэ хэщIапIэм иригъэхьыну. Дызэрыт зэманым унэр зейр хуит хъуащ зехьапщIэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрыр езым и электрон пощтым хурагъэхьу ищIыну. Ар къывэхъулIэн папщIэ, фи лъэIур мы пощтхэм евгъэхь хъунущ, нэхъ зэрыффIэтыншым хуэдэу:

*Электрон пощткIэ*: regoperator.07@mail.ru

*ВацапкIэ:* 8-967-425-15-16

Е мы хэщIапIэм фекIуалIэ хъунущ: Налшык, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 17А.

*Редактор нэхъыщхьэ* **ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариан-нэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.**

**КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.466**
**Заказыр №2160**

12+

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.**

**Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.) , корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мари-аннэ.**

*Сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.**